ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ЛЕ

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№30 (21.188) ● 2008 гъэм мазаем (февралым) и 16, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Пресс-конференц

Сыхьэтитхум нэблагъэкІэ

Вэсэмахуэ Путин Владимир Кремлым щригъэжьыкІащ пресс-конференц. Ар къыдэхуэсахэри езыри зыпэмыплъауэ кІыхьу щытащ - сыхьэти 4-рэ дакъикьуэ 45-кІэ къэзыгъэнэ и Іэтащхьэм жэуап иритащ ущиІэ 80-м щигъуэм. ЗэІущІэм кърихьэлІащ зэи хуэмыдэу журналист куэд дыдэ - 1300-рэ. Абыхэм я нэхъыбэр 900-р - Урысейм и хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я дэжьакІуэт.

УФ-м и Іэтащхьэм и жэуапхэм едэІуэну Кремлым кІуат журналистхэм я мызакъуэу, хамэ я бкъуэл дипломатхэри.

НаІуэу зэрыщытщи, къэрал нэхъ пІэрызехьэу 8-м я Іэтащхьэхэм ящыщу апхуэдизу зэманкІэ зыми пресс-конференц иригъэкІуэкІакъым. Путин Владимир сыт щыгъуи хуэдэу жьакІуэу, псалъэ шэрыуэ куэд зыщІэну зыкьигъэльэгъащ. ИпэжьыпІэкІэ жьыпІэ хъунущ абы Урысейм и мызакъуэу, дуней псом къэкІуэну зэмангъуэнгъуми нэхъ жьыжьэуэми ягъуэтыну зыужьыныгъэр зыхуэхъуэр белджылы къищІауэ.

- Илъэси 8-кІэ сэ сылэжьащ семытІыгъэхьу, еш симыІэу, си къарум сыщымысхьу, - жиІащ Путин Владимир. - Сэ сыщыкІытэркъым си телъхьэу хэхьгъуитІкІэ Іэ зыІэтахэм я пащхьэм. Сэ сыарэзащ зэфІэзгъэкІа лэжьыгъэмкІэ.

УФ-м и Іэтащхьэм жэуап иритащ зыпэмыплъауэ къэплъытэ хъуну ущІэхэми. Ауэ абыхэм хуэхьэзыру къыщІэкІащ. «Сэ зыхуэзгъэуцужауэ къызэмыхъуліа Іуэхушхуэ слъагъурькым. Си мурад псори зэзгъэхъуліащ. Пэжщ, инфляцэм нэхъ лъэщу дыпэщІэтынымкІэ нэхъыбэ тхуэзфІэкІыну къыщІэкІынт...

ИпэжьыпІэкІэ дэ зыуэщыт къэрал диІэзэтхьым. Хэбгъэзыхьмэ, зыуэ щыт гимн диІэжьтэкъым. Федерацэм и дэтхэнэ щІыналъэри езым и Конституцэ закъуэм, УФ-м и Конституцэм къыщхьщыкІыкІи, тетт. Дэ ди къэралыр зэкъуэдгъэувэжащ. Дэ къэтІэтыфащ ди цІыхухэм я хэхъуэжэр. Зыужьыныгъэм и гъуэгум бгъэдыу дытеуващ», - къыхиГъэщащ Президентым.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.



● Къэрал къуалыкъущІапІэхэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Іэнатіэм зэпІэзэрыту зеужь

2008 гъэм мазаем и 6-м Іэ щІадзащ 2008 - 2012 гъэхэм мэкъумэщ хозяйствэм зегъэужьыным, мэкъумэщхэкІэм, сырьем, ерыскьыпхъэм я рынокыр унэтІыным теухуа къэрал программкІэ гъэзэщІэным Урысей Федерацэм Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ и министерствэмрэ КъБэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ зэращыліа зэгурыІуэныгъэм. Абы ипкъ иткІэ, Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ и министерствэм и пщІалъхьэк программкІэ гъэзэщІэным пыщІа Іуэхуэхэр чэнджэщхэмкІэ, кьызэрэпэщынагъэ лэжьыгъэмкІэ, информацэкІэ диІыгъыну, а программкІэ гъэзэщІэным теухуа гъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу къыхуаутІыпщыну ахьшэр зыхуэдизым республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэр и зэманым щыгъуазэ ищІыну.

КЪЭРАЛ программмэм кьыщыгъэуваxэм тещІыхьауэ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ и министерствэм зэхилъхьащ «2008 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр» республикэ программэ хэхар икІи абы теухуа республикэ законыр гъэ кІуам и щэкІуэгъуэ мазэм кьащтащ. Республикэ программэ хэхар хуэунэтІащ агропромышленнэ комплексым и Іэнатіэ нэхъыщхьищым - Іэщ зэхъуэкІыныгъэхэм я кІэкъэлІэным, сырьем елэжьыным - зэпыщІауэ икІи зэгъэуІуауэ зегъэужьыным.

Льготэ зиІэ кредитхэр къаГъэсэбэпэрэ, быным мин15-м щигъу зыщІэхэун Іэщ комплексу ящыІну е зэрагъэпэщжыну, 2008 - 2012 гъэхэм къриубыдэу быным лъэпкъыфІу мин 20-м щигъу, мэл лъэпкъыфІу мин 31-рэ кьащхэуну я мурадщ. Іэщ комплекс инхэр Прохладнэ, Дзэлыкъэ, Тэрч, Бахьсэн, Шэджэм муниципальнэ районхэм зэрыщащІынум и фІыщІэкІэ мэкъумэш предприятэхэм гъэшу кьыщашыр 2012 гъэм ирихьэлІэу хуэди 2,5-м щигъукІэ нэхъыбэ хъунущ.

Лышхъэ зыщІ Іэщ лІэужьыгъуэхэр нэхъыбэу щагъэхъунуф Къэбэрдей-Балькъэрым и бгылъэ, льапэ щІыпІэхэм, языныкъуэ тафэтес хозяйствэхэм. Прохладнэ, Майм муниципальнэ районхэм ящыпсту щІыпІэ хозяйствэ щхьэхуэхэр кьагъэсэбэпу, кхъуэгъэхъуным зрагъэужьыну я мурадщ.

2006 гъэм ельитауэ 2012 гъэм республикэм и хозяйствэ псоми лыуэ къыщІалэжьым процент 44-кІэ, гъэшым - процент 32,2-кІэ, джэдыкІэм процент 32,2-кІэ хэхъуэнущ.

Мы зэманым республикэм лым елэжь промышленнэ предприятэхэр щымыІэжу кьэплъитэ хъунущ. Республикэм нэкъуфу, лІыхъэшу щащэм и процент 95-м щигъур нэгъуэщІ щІыналъэхэм кьраш. Мы Іуэхур иригъэфІэкІуэнущ Налшык кьалэм щауэ лы комбинатыр 2008 гъэм и епланэ кварталым лажьэу зэрауТІыпщынум. 2011 гъэм ирихьэлІэу а предприятэр и льэщагъ псомкІи кьагъэсэбэпу щІадзэнущ икІи абы суткэ кьэс лы тонни 130-м щигъум щелажьынущ.

Мэкъумэш Іэнатіэм нэхъ щытрагъэщІэнущ гъавэу, пхъэщхьэмыщхьэу нэхъыбэ кьэлэжьыным, хадэжэкІыу кьрахьэлІэм и фІагъыр кьэІэтыным, а фІагъыр щэхуэкІуэкІуэзэ зэшІэупщІэхэм егъэзэгъыным.

Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм и Іэнатіэ нэхъ зэгугъупхъэхэм ящыщІу пхъэщхьэмыщхъэ, жьызум гъэкІыныр. Абы и лъэныкъуэкІэ узэхэм нэхъ ящэщІэтыф жыг лІэужьыгъуэхэр хасэну икІи абы и хьэкъыф я мы Іэнатіэм кьыщагъэсэбэп щхьэхъ лІэужьыгъуэхэр ягъэмэщІэну я мурадщ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэм зыхуэ-

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм мазаем и 12-м *№62-рп*

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІыу ахьшэ зыхуаутІыпщ къэрал Іуэхущапэхэм я лэжьакІуэхэм, зи лэжьапІэр Зыу щыт тариф сетхэм ипкъ иткІэ зратхэм, я лэжьапщІэ фондым процент 14-кІэ хэгъэхьэн 2008 гъэм мазаем и 1-м щыщІэдзауэ.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал ІуэхущапІэхэм я зэрыхагъэхьэну ахьшэр тезыгъэгущуэ лэжьапщІэ тыкІэу къэгъэсэбэпын хуейщ. Тезыгъэгушуэ щыкІэу ятыну ахьшэм и куэдагьымрэ щІратыну Іуэхугъуэхэмрэ ягъэуэ коллектив договорхэмкІэ, зэгурыІуэныгъэхэмкІэ икІи нэгъэщІ нормативакт щхьэхуэхэмкІэ.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкі я министерствэм ягъэува хабзэм тету ингъэхьэзырын хуейщ «2008 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхуэкі» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэтлъхьэнымкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и законым и проектыр.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыпІэ самоуправлениэм и органхэм чэнджэщ етын муниципальнэ ІуэхущапІэхэм я лэжьакІуэхэм, муниципальнэ щІыналъэм я бюджетэм кьыхэкІыу ахьшэ зыхуаутІыпщхэм, я лэжьапщІэ фондым 2008 гъэм мазаем и 1-м щыщІэдзауэ процент 14-кІэ хэгъэхьэн и льэныкъуэкІэ унафэ кьащтэну икІи а ахьшэр зэрыгъэгушхуэ щыкІэу зыным кьыхуагъэсэбэпынущ.

5. Мы Унафэр гъэзэщІа зэрыхъум кІэлъыплъыныр и пщэм дэтхэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іи и къуэдз Дыщэкі М. Р.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі **ЯРИН Андрей**

● ТхыльъыщІэ

Адыгэхэм кьытхуэщІхьэпэн

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыІэ «Нарт-кІэ» ООО-м иджыблагъэ къыщыдэкІащ Шэрджэс Алий «Адыгэ Іуэхэр» зыфІищІа и тхыльыр.

АБы ИХУАЩ цІэ мин 15-м щІигъу. Тхыльыр къэзыгъэсэбэпынуэм я дежкІэ нэхъ тынш хъун папщІэ, цІыхухъуцІэхэмрэ цІыхубзыцІэхэмрэ зэхэхауэ къыщыхьащ. Абы къищынэмыщІауэ, дэтхэнэми и уриус тхыкІэр къэгъэльэгъуащ. Апхуэдэу мы Тхыльым щхьэхуэу итщ нарт хьэбархэм хэт лІыхъужьыщІэхэри.

Иджыпсту мымащІэу урохьэлІэ телевизоркІэ кьат сериалхэм хэт лІыхъужьхэм я цІэхэр зи сабийхэм фІэзыщхэм. Кьащтэмэ, адыгэхэм нэхъыбэу зэрахьэр хамэ цІэщ, абы щыгъуэми нэгъэущІ Іуэхуэхэм зэрыбгъэдыхьэ щІыкІэр зэрыгъэрихъуэкІынур.

Езы Сербием дыгъуасэ щагъэлъэпІащ президент хэхьныгъэхэм щытекІуа Тадич Борис и кьулыкъым зэрыпэрыхьэр. ТхьэрыІуэ щитым, Тадич жиІащ къэралым и щІыналъэхэм зэкІэщІамычыным и лъэныкъуэ псори зэрыгъэхьэлІэнур. Ауэ арабы и дежкІэ гугъу хъунущ.

Псом нэхъэр нэхъыщхьэр цІыхурщ

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іыи я ящэ къуэдзэ Медведев Дмитрий хэтащ Красноярск къалэм щекІуэкІ «Урысейр - 2008 - 2020 гъэхэм» экономикэ форумым.

Абы къыщыщІысалъэм Президентым и кандидатым къэралым и гъащІэм и дежкІэ мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ Іуэхуэр къиІэташ. Зи Іэщ Іагъэхьэ юрист Медведевым, зэрыгурыІуэгъуэщи, псом ящэ ирегъащІэ щІыхум и хуитныгъэхэр, - «Нэхъыщхьэу хъулъытэн хуейр мыращ: щхьэхуитныныгъэр нэхъыфІщ сыт хуэдэ щхьэхуимытыныгъэм нэхъри, - жиІащ Медведев Дмитрий, - ауэ ар зэрызэдгъэхуэлІу Іуэхуэхэм я щхьэпльэжьым хуейщ». Ящэ вице-премьерым щыІэ щытыкІэмкІэ куэдкІэ нгъэкъуэншащ судхэр. «Абыхэм я лэжьыгъэм хэпльагъэркъым хеящІэхэм щІыхухэм я хуитныныгъэхэм щІэ хуащІу, езыхэм гущІэкІэ яхэлъу. МихъымыщІагъэ ин хэм я зы Іуэжьщ ди къэралым Іуэльхьэжэр зыубгъуауэ зэрыщызекІуэр. Хабзэхэм зэребакъуэм зыужьныныгъэм и унэтІныныгъэ куэд зэтрелыгъэ. И чэзу хъуащ Іыхьэ, абы и сэбэп зыхэльхьэр псом ящэ идгъэщІыну», - къыхиГъелджылыкІащ Медведев Дмитрий.

ЗэгурыІуэркъым

Косовэ Сербием хэгъэзкІыным и гъэльэгъ США-мрэ Евросоюзым щыщ къэралзыжьанэмэщ. Ар белджылы щыхьэщащ ООН-м Щынагъэщащ зэкІэ и Советым.

УФ-м нэгъэуэщІ къэрал Іуэхуэхмкі и министр Лавров Сергей къыхигъэщхьэхукІащ Косовэ щхьэхуэ ящІыну и пэкІэ а щІыналъэмрэ Сербиемрэ абы теухуауэ зэгурыІуэн зэрыхуейр. Уеблэмэ щІигъащ, Косовэ щхьэхуэ хъумэ, Урысейм Осетие Ипщэмрэ Абхазым я пащІэ Іуэхуэхэм зэрыбгъэдыхьэ щІыкІэр зэрыгъэрихъуэкІынур.

Езы Сербием дыгъуасэ щагъэлъэпІащ президент хэхьныгъэхэм щытекІуа Тадич Борис и кьулыкъым зэрыпэрыхьэр. ТхьэрыІуэ щитым, Тадич жиІащ къэралым и щІыналъэхэм зэкІэщІамычыным и лъэныкъуэ псори зэрыгъэхьэлІэнур. Ауэ арабы и дежкІэ тугъу хъунущ.

Ильэси 10-кІэ екІуэкІа зауэ

1989 гъэм советыдзэхэр Афганистаным къращыжащ.

Ильэси 10-кІэ хамэ щыпІэм щекІуэкІа зауэм совет цІыху мин 15-м щигъу хэкІуэдащ.

ІэІэтым щІедзэ

Дыгъуасэ Урысейм щыщІидзащ гъатхэпэм и 2-м егъэщІылІа ІэІэтым.

НаІуэу зэрыщытщи, ящэ Іэщ ІэІэт къэралым и щІыпІэ ящыІа дыдэхэм. Дыгъуасэ ящэ бюллетенхэр вертолеткІэ, Іэжьхэмкі Іэлагъэ Іэсащ Ханты-Мансийск автономн округым, Камчаткэ, къэралым и ищхьэрэ лъэныкъуэ жьыкІэм щыІэ нэгъэщІ щІыналъэхэм.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Мазаем и 16, щэбэт

♦Литва Республикэм и льэпкъ гуфІэгъэщІ - Литва къэралыгъуэр щыгъэфІагъуэвэжа махуэщ (1918).

♦КНДР-м и льэпкъ гуфІэгъэщІ - КНДР-м и унафэщІ, Кореем и ЛажьакІуэ партым и Секретарь нэхъыщхьэ (1997 гъэм и фокІадэ льандэрэ) Ким Чен Ир - Президент Ким Ир Сен и кьуэр - кьащІалъхуа махуэщ (1942).

♦1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым игъэуваща «Псым итхьэлэр кьызэригъэлъан папщІэ» медалыр.

♦1862 гъэм кьалъхуащ урыс щэкІ фабрикант, меценат, Урысейм и хьэрычэтыщІэ дзжакІуэ ЩІэрыІуэ дыдэхэм ящыщ Морозов Саввэ. 1905 гъэм зиукІыжащ.

♦Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакъикьи 7-м, кьухьэжьинуи сыхьэт 17-рэ дакъикьэ 37-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикьэ 30-рэ.

Мазаем и 17, *тхьэмахуэ*

♦1863 гъэм Дунейпсо Жор Плъыжьыр къызэрагъэпэщащ.

♦1972 гъэм СССР-мрэ Нигер Республикэмрэ дипломат зэхущытыкІэхэр зэхуагъэувэащ.

♦1932 гъэм инджылыз физик Чедвик Джеймс (1891-1974) нейтроныр къызэІуихащ. Абы щхьэкІэ 1935 гъэм Нобель и сауГъэтыр кьратауэ щытащ.

♦1923 гъэм кьалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор, КъБР-м и Къэрал сауГъэтым и лауреат, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик Къумахуэ Башир. 2006 гъэм дунейм ехыжащ.

♦Дыгъэр кьыщІэкІынуи сыхьэти 7-рэ дакъикьи 5-м, кьухьэжьинуи сыхьэт 17-рэ дакъикьэ 38-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикьэ 33-рэ.

Мазаем и 18, *блыщхьэ*

♦Гамбие Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщІ - къэралыр щхьэхуэ щыхьуа махуэщ (1965).

♦Транспорт милицэр къыщызэрагъэпэща махуэщ(1919).

♦Адыгейр фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыщыІэщІагъэкІыжа махуэщ (1943).

♦1936 гъэм кьалъхуащ тхакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Къуэдзокьуэ Хьэсэн. 1996 гъэм дунейм ехыжащ.

♦1939 гъэм кьалъхуащ адыгэ критик, зэдзэкІакІуэ, Адыгей къэрал университетым и профессор, филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик Шащэ Къазбэч.

♦Дыгъэр кьыщІэкІынуи сыхьэти 7-рэ дакъикьи 4-м, кьухьэжьинуи сыхьэт 17-рэ дакъикьэ 41-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 17-рэ дакъикьэ 36-рэ.

Гъэлъэгъуэ лыгъэхъэзырыр ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ ІуащІэ:

Зи щхьэ пщІэ хуэзымыщІыжьым пщІэ иІэкъым.

● Дыгъуасэ

Лъэныкъуэ псори къызэщІаубыдэу

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм и коллегием и дыгъуасэрей зэІущІэм зыубгъуам щыізхьалъхьэжащ 2007 гъэм зэфІагъэкІаХэр, апхуэдэу дызыхьха ильэсым нэхъыщхьэу кьапэщытхэр щагъэбелджылащ.

АБы ХЭТАЩ коллегием хыхьэхэр, кьалэ округэхмрэ муниципальнэ районхэмрэ я Іэтащхьэхэм я кьуэдзэхэр, ирагъэблагъэ кьулыкъущІэхэр.

Кьыхалъхьа Іуэхугъуэхэр зэпкърахыу зэхьыхьэ щыщыпсэльащ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм и департаментхэм я унафэщІхэу **Гунжафіэ Мэри, КІэрэф Мурат, Елдышев Андрей** сымэ.

Министр **Мусуков Алий** иригъэкІуэкІа зэІущІэм кьыщащта унафэр ІэІэткІэ щІагъэбыдащ.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.

● Дыгъуасэ

Дызэрыщыгъуаззэщи, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхуэхьэбзэхэм я уасэхэм 2008 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ хагъэхъуащ. Абы и щхьэусыгъуэхэм, апхуэдэу тарифхэр къызэрэІатам къыхэкІыу КъБР-м и Правительствэр нэхъ хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэм зэрадэІэпыкъуну щІыкІэм топсэлъыхь республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Чеченов Ануар.

2007 ГЪЭМ и жэпуэгъуэ мазэм КъБР-м Тарифхэмкі и къэрал комитетым кьищтауэ щытащ коммунальнэ комплексым хьыхь Іуэхущапіэхэм я Іуэхутъхьэбзэхэм, цІыхухэм псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутъхьэбзэхэмрэ я уасэу яткІэ и министерствэм гъэ 20-м щІэту итха «Электричество (хуабэ) энергием и тарифхэмрэ уасэхэмрэ рознилэ (щэхуакІуэ) рынокым зэрыщыізэблагъэкІыр кьызэрабж методикэ хабзэхэм» яткъ иткІэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр хуабжкІэ кьызэзыгъэпэщ Іуэхущапіэхэм я продукцэм и уасэм 2007 гъэм елЬытауэ процент 12,6-кІэ хэхъущ икІи зы гигокалорием и уасэр ику иту сом 711,02-рэ хъуэу яГъэващ. Гу лыгъэ тапхъэщ Тарифхэмкі федеральнэ кьулыкъым хуабэ энергием и уасэм нэхъыбэ дыдэу псоригъэтІ 116-кІэ хагъахьуэ хъунущ кьилъытауэ зэрыщытам.

Хуабэ энергием и тарифхэм зэрыхагъэхъуар федеральнэ Іэнатіэми щІыналъэ Іэнатіэми щыІэ щхьэусыгъуэ зыбжанэм ящыщащ. Ауэ нэхъыщхьэ дыдэр федеральнэ Іэнатіэм кьыщащтэ унафэхэм яткІэ иткІэ республикэм энергиер кьызэрихъуауІтпщ уасэхэмрэ тарифхэмрэ зэрыхагъахьуэрщ. Кьапщтэмэ, 2008 гъэм республикэм кьищІэу газыр процент 25-кІэ, электрокъарур процент 10-кІэ нэхъ льапІэ хъуащ.

Хуабэ энергиемкІэ тарифхэр къызэрэІатыр ар къэзыгъэсэбэпхэм зэуэ къатемыхьэлъэн папщІэ, ди деж лъэжьыгъэ пыухыкІа щокІуэкІ уасэхэр зэтеІыгъэным хуэунэтІыну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хуабэ энергием и уасэр нэхъ зэтеІыгъа зэрыщыхьуар. Республикэм абы и индексыр 2007 гъэм елЬытауэ процентыр 112,6-м нэхъ щыізэтеІуелЬамэ, а бжыгъэр Ставрополь крайм процентыр 118,2-м, Ростов областым процентыр 117,5-м, Осетие Ищхьэрэ-Аланиер Республикэм процентыр 116-м щыізэсащ.

2008 гъэм тещІыхьауэ ягъэува тарифхэм ущыхэпльэкІэ, гу лъ ущтэу къанэрэкым Ипщэ федеральнэ округым и субъектхэм я административнэ центрхэм ящыщу Налшык кьалэм уасэхэр нэхъ зэрыщыІьахъщэм. Ди республикэм и кьалащхьэм хуабэ гигокалорием сом 644,59-рэ щыщІатынымэ (щІагъуэ уасэр хэмыту), абы Владикавказ сом 674,5-рэ, Ставрополь - сом 696,17-рэ, Черкесск сом 739,52-рэ щиуасэщ.

Коммунальнэ комплексым и Іуэхущапіэхэм я тарифхэр зэрагъэув хабзэхэр, Урысей Федерацэм и субъектхэм я гъэзэщІакІуэ властым и органхэм абы и лъэныкъуэкІэ яІэ полномочиехэр зэгъэбелджылы документ нэхъыщхьэщ «Коммунальнэ комплексым и Іуэхущапіэхэм я тарифхэр гъэзыным и лъабжьэхэм я Іуэхуэкі» Федеральнэ законыр. Абы кьыщыгъэпІьагъущ индексхэм узыщхьэпрыкІ мыхъуну я марэ нэхъ ин дыдэхэр зэрагъэув кьыхэлъыкІуэ хабзэхэр. ГъэзэщІакІуэ властым тарифхэр уэбзыухьмкІэ федеральнэ органым Урысей Федерацэм и субъектхэм папщІэ ягъэувэ ахьшэ зыщыкІэ прыкІ мыхъуну индексхэр икІи абы теухуа приказыр Урысей Федерацэм Юстициэмкі и министерствэм щІегъэбыдэж. Тарифхэмкі федеральнэ къулыкъым и приказхэм ятещІыхьауэ КъБР-м Тарифхэмкі и къэрал комитетым егъэбелджылы республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэр зыщхьэпрыкІ мыхъуну индексхэр. ЩІыпІэ самоуправлениэм тарифхэр зэблэзыгъэкІ и органхэм зыщхьэпрыкІ мыхъуну апхуэдэ индексхэм ятещІыхьауэ ягъэув коммунальнэ комплексым и Іуэхущапіэхэм я тарифхэр зэрагъэувыным и лъабжьэхэм я Іуэхуэкі» Федеральнэ законыр. Абы кьыщыгъэпІьагъущ индексхэм узыщхьэпрыкІ мыхъуну я марэ нэхъ ин дыдэхэр зэрагъэув кьыхэлъыкІуэ хабзэхэр. ГъэзэщІакІуэ властым тарифхэр уэбзыухьмкІэ федеральнэ органым Урысей Федерацэм и субъектхэм папщІэ ягъэувэ ахьшэ зыщыкІэ прыкІ мыхъуну индексхэр икІи абы теухуа приказыр Урысей Федерацэм Юстициэмкі и министерствэм щІегъэбыдэж. Тарифхэмкі федеральнэ къулыкъым и приказхэм ятещІыхьауэ КъБР-м Тарифхэмкі и къэрал комитетым егъэбелджылы республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэр зыщхьэпрыкІ мыхъуну индексхэр. ЩІыпІэ самоуправлениэм тарифхэр зэблэзыгъэкІ и органхэм зыщхьэпрыкІ мыхъуну апхуэдэ индексхэм ятещІыхьауэ ягъэув коммунальнэ комплексым и Іуэхущапіэхэм я тарифхэр зэрагъэув хабзэхэр, Урысей

(Кіэухыр 2-нэ нап.).

● Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іи я ящэ къуэдзэ Медведев Дмитрий хэтащ Красноярск къалэм щекІуэкІ «Урысейр - 2008 - 2020 гъэхэм» экономикэ форумым.

Абы къыщыщІысалъэм Президентым и кандидатым къэралым и гъащІэм и дежкІэ мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ Іуэхуэр къиІэташ. Зи Іэщ Іагъэхьэ юрист Медведевым, зэрыгурыІуэгъуэщи, псом ящэ ирегъащІэ щІыхум и хуитныныгъэхэр, - «Нэхъыщхьэу хъулъытэн хуейр мыращ: щхьэхуитныныгъэр нэхъыфІщ сыт хуэдэ щхьэхуимытыныгъэм нэхъри, - жиІащ Медведев Дмитрий, - ауэ ар зэрызэдгъэхуэлІу Іуэхуэхэм я щхьэпльэжьым хуейщ». Ящэ вице-премьерым щыІэ щытыкІэмкІэ куэдкІэ нгъэкъуэншащ судхэр. «Абыхэм я лэжьыгъэм хэпльагъэркъым хеящІэхэм щІыхухэм я хуитныныгъэхэм щІэ хуащІу, езыхэм гущІэкІэ яхэлъу. МихъымыщІагъэ ин хэм я зы Іуэжьщ ди къэралым Іуэльхьэжэр зыубгъуауэ зэрыщызекІуэр. Хабзэхэм зэребакъуэм зыужьныныгъэм и унэтІныныгъэ куэд зэтрелыгъэ. И чэзу хъуащ Іыхьэ, абы и сэбэп зыхэльхьэр псом ящэ идгъэщІыну», - къыхиГъелджылыкІащ Медведев Дмитрий.

● Мазаем и 17, *тхьэмахуэ*

Мы махуэхэм

♦1863 гъэм Дунейпсо Жор Плъыжьыр къызэрагъэпэщащ.

♦1972 гъэм СССР-мрэ Нигер Республикэмрэ дипломат зэхущытыкІэхэр зэхуагъэувэащ.

♦1932 гъэм инджылыз физик Чедвик Джеймс (1891-1974) нейтроныр къызэІуихащ. Абы щхьэкІэ 1935 гъэм Нобель и сауГъэтыр кьратауэ щытащ.

♦1923 гъэм кьалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор, КъБР-м и Къэрал сауГъэтым и лауреат, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик Къумахуэ Башир. 2006 гъэм дунейм ехыжащ.

♦Дыгъэр кьыщІэкІынуи сыхьэти 7-рэ дакъикьи 5-м, кьухьэжьинуи сыхьэт 17-рэ дакъикьэ 38-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикьэ 33-рэ.

Мазаем и 18, *блыщхьэ*

♦Гамбие Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщІ - къэралыр щхьэхуэ щыхьуа махуэщ (1965).

♦Транспорт милицэр къыщызэрагъэпэща махуэщ(1919).

♦Адыгейр фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыщыІэщІагъэкІыжа махуэщ (1943).

♦1936 гъэм кьалъхуащ тхакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Къуэдзокьуэ Хьэсэн. 1996 гъэм дунейм ехыжащ.

♦1939 гъэм кьалъхуащ адыгэ критик, зэдзэкІакІуэ, Адыгей къэрал университетым и профессор, филологие щІэныгъэхэм я доктор, �щІДАА-м и академик Шащэ Къазбэч.

♦Дыгъэр кьыщІэкІынуи сыхьэти 7-рэ дакъикьи 4-м, кьухьэжьинуи сыхьэт 17-рэ дакъикьэ 41-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 17-рэ дакъикьэ 36-рэ.

Гъэлъэгъуэ лыгъэхъэзырыр ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Дыгъуасэ

Дызэрыщыгъуаззэщи, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхуэхьэбзэхэм я уасэхэм 2008 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ хагъэхъуащ. Абы и щхьэусыгъуэхэм, апхуэдэу тарифхэр къызэрэІатам къыхэкІыу КъБР-м и Правительствэр нэхъ хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэм зэрадэІэпыкъуну щІыкІэм топсэлъыхь республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Чеченов Ануар.

2007 ГЪЭМ и жэпуэгъуэ мазэм КъБР-м Тарифхэмкі и къэрал комитетым кьищтауэ щытащ коммунальнэ комплексым хьыхь Іуэхущапіэхэм я Іуэхутъхьэбзэхэм, цІыхухэм псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутъхьэбзэхэмрэ я уасэу яткІэ и министерствэм гъэ 20-м щІэту итха «Электричество (хуабэ) энергием и тарифхэмрэ уасэхэмрэ рознилэ (щэхуакІуэ) рынокым зэрыщызекІуэр. Кьапщтэмэ, 2008 гъэм республикэм кьищІэу газыр процент 25-кІэ, электрокъарур процент 10-кІэ нэхъ льапІэ хъуащ.

Хуабэ энергиемкІэ тарифхэр къызэрэІатыр ар къэзыгъэсэбэпхэм зэуэ къатемыхьэлъэн папщІэ, ди деж лъэжьыгъэ пыухыкІа щокІуэкІ уасэхэр зэтеІыгъэным хуэунэтІыну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хуабэ энергием и уасэр нэхъ зэтеІыгъа зэрыщыхьуар. Республикэм абы и индексыр 2007 гъэм елЬытауэ процентыр 112,6-м нэхъ щыізэтеІуелЬамэ, а бжыгъэр Ставрополь крайм процентыр 118,2-м, Ростов областым процентыр 117,5-м, Осетие Ищхьэрэ-Аланиер Республикэм процентыр 116-м щыізэсащ.

2008 гъэм тещІыхьауэ ягъэува тарифхэм ущыхэпльэкІэ, гу лъ ущтэу къанэрэкым Ипщэ федеральнэ округым и субъектхэм я административнэ центрхэм ящыщу Налшык кьалэм уасэхэр нэхъ зэрыщыІьахъщэм. Ди республикэм и кьалащхьэм хуабэ гигокалорием сом 644,59-рэ щыщІатынымэ (щІагъуэ уасэр хэмыту), абы Владикавказ сом 674,5-рэ, Ставрополь - сом 696,17-рэ, Черкесск сом 739,52-рэ щиуасэщ.

Коммунальнэ комплексым и Іуэхущапіэхэм я тарифхэр зэрагъэув хабзэхэр, Урысей Федерацэм и субъектхэм я гъэзэщІакІуэ властым и органхэм абы и лъэныкъуэкІэ яІэ полномочиехэр зэгъэбелджылы документ нэхъыщхьэщ «Коммунальнэ комплексым и Іуэхущапіэхэм я тарифхэр гъэзыным и лъабжьэхэм я Іуэхуэкі» Федеральнэ законыр. Абы кьыщыгъэпІьагъущ индексхэм узыщхьэпрыкІ мыхъуну я марэ нэхъ ин дыдэхэр зэрагъэув кьыхэлъыкІуэ хабзэхэр. ГъэзэщІакІуэ властым тарифхэр уэбзыухьмкІэ федеральнэ органым Урысей Федерацэм и субъектхэм папщІэ ягъэувэ ахьшэ зыщыкІэ прыкІ мыхъуну индексхэр икІи абы теухуа приказыр Урысей Федерацэм Юстициэмкі и министерствэм щІегъэбыдэж. Тарифхэмкі федеральнэ къулыкъым и приказхэм ятещ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Тарифхэр ди республикэм нэхъ щызэтеІыгъа хъуащ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Тарифхэмкіэ федеральнэ къулыкъум 2007 гъэм мэлыжьхьым и 11-м къыдигъэкіа приказ №68-э/5-мкіэ зыхуэфащэ Іэнатіэхэм ятещіыхьауэ коммунальнэ комплексым и организацэхэм я Іэхэутхъэбзэхэмкіэ 2008 гъэм зыщыхэпрыкі мыхъуну тарифхэр игъэуващ мы къыкіэлыыкіуэхэм хуэдэу: псыкіэ кьыззэшгъэпэщ, псы фіейр щізэшу Іэхэущіапіэхэм папщІэ процент 115,3-рэ, унагъуэ пхъэнкІийм рэ кІэрыхубжьэрыхухэмрэ дзэшІэхэм папщІэ процент 111-рэ; щІыхухэм псэупІэхэм щІат уасэмкІэ – процент 117-рэ, щІыхухэм коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэм щІат уасэмкІэ – процент 119-рэ.

КъБР-р Кавказ Ищхъэрэм щыщ щІыналІэу тарифхэр нэхъ зэтеІыгъа щыхъуащ ящхьэ. ЗэкІэ кьиззэрабжамкІэ, 2008 гъэм ди республикэм исхэм ику иту щІатынущ: зэфэн псыуэ зы кубометрым соми 6,47-рэ (2007 гъэм елыытауэ процент 107,8-рэ), псы фІейуэ зы кубометр зэрыщІашым соми 5,77-рэ (процент 106,1-рэ). Тарифхэр зэблэзыгъэкІ къэрал органэхэм къызэрабжьамкІэ, а бжыгъэхэр ику иту мы къыкІэлыыкІуэхэм хуэдизу щыщытынущ: Ставрополь крайм – сом 19,02-рэ (процент 118,6-рэ), соми 6,57-рэ (процент 116,3-рэ); Краснодар крайм - сом 11, 38-рэ (процент 100), соми 6,43-рэ (процент 100); Къэрэшей-Шэрджэсым - соми 7,7-рэ (процент 111,6-рэ), соми 6,9-рэ (процент 109,5-рэ); Осетие ИщхъэрэІ-Алание Республикэм - соми 6,27-рэ (процент 115-рэ), соми 3,97-рэ (процент 115,7-рэ).

Мы зэманым зэтеуваУ кьагъэсэбэп унагъуэ нэхъ хуэмыщІахэм псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ я уасэхэр ятынымкІэ зэрадэІэпыкъу Іэмалитї. Абыхэм ящыщ зыр тещІыхьащ щІыху гуп щхьэхуэхэу федеральнэ, щІыналъэ законхэм щІэзыбелджылахэм псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ ятынымкІэ защІэгъэкъуэныным. Етїуанэ лІэужьыгъуэщ УФ-м и Псэупіэ кодексым и 159 статьям, «ПсэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ я уасэхэмкІэ субсидиехэр тыным теухуауэ» УФ-м и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэм зэритым хуэдэу, езыхэм псори зэхэту кьаІэрыхьэ хэхъуэм и процент 22-м щІигъур псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэм ятпэкІыу зыт унагъуэхэм субсидиехэр зэрыхухахыр.

«ПсэупІэ-коммунальнэ ІэхэутхъэбзэхэмкІэ льготэхэм ятпыщІа хэщІынагъэхэр зэрыхуапщыныж щІыкІэм и ІэхэутхъэбзэхэмкІэ КъБР-м и Правительствэм и унафэм тету КъБР-м Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм зэпымыууэ кьыхэтхыкІ социальнэ льготэхэр зыхуэфащэ щІыхухэр. ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятэу, Іэхэущіапіэ коммунальнэ льготэ зиІэ щІыху гупхэм Іэхэутхъэбзэхэр яхэзыщІыкІэм гъэ кІэс зыхуэфащэ зэгурыІуэныгъэхэр иращІылІэ Федеральнэ, республикэ законхэм япкъ иткІэ льготэ зиІэ щІыхухэм хуащІа Іэхэутхъэбзэхэм ящІэнкІуэ зыужьынымыхьэу къэна хэхъуэхэр яхэупщынымыжьынымэ теухуауэ.

Урысей Федерацэм, Къэбардей-Балъкъэр Республикэм я законодательствэм япкъ иткІэ, псэупІэ-коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэм я уасэхэр тынымкІэ Іэхэутхъэбзэхэм зиІэ гупхэм хиутыдыу, абыхэм я унагъуэхэм щыщу 2008 гъэм щІышьлэм и 1-м ирихьэлІэу республикэм щІыху 226163-рэ исащ.

Льготэ зиІэ щІыху гупхэр	Льготэ зратхэм я бжыгъэр	Коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэм я уасэхэр тынымкІэ льготэхэр зратхэу щІыхухэм я бжыгъэр	Коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэм я уасэхэр тынымкІэ льготэхэр зратхэу щІыхухэм я бжыгъэр
Зауэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьахэмрэ льготэхэм я льэныкъуэкІэ абыхэм пащІэ щІыхухэмрэ	Щ1ыху 840-рэ	438	1278
Хэку зауэшхуэм хэтахэм ящыщу ныкъуэдыкъуэ хуэзахр	Щ1ыху 1304-рэ	432	1736
Хэку зауэшхуэм хэтахэр	Щ1ыху 98-рэ	-	98
Ленинградыкъуэрыгъэ льэхъэнэм дэсахэм ящыщу ныкъуэдыкъуэгъэ зиІэхэр	Щ1ыху 38-рэ		38
Зауэ зэмыдІэужьыгъуэхэм я ветеранхэр	Щ1ыху 3551-рэ	3125	6676
ХэкІуэда дзэ къулыкъушІэхэм (Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэр, Хэку зауэшхуэм хэтахэр, зауэ зэмыдІэужьыгъуэхэм я ветеранхэр хиубыдэу) я унагъуэхэм щыщхэр	Щ1ыху 2276	2276	5654
Фашистхэм я концлагерхэм я ныбжьыр иримыкъуауэ гъэрэ щІыІыгъахэр	Щ1ыху 108-рэ		108
Щ1ыху ныкъуэдыкъуэхэр	Щ1ыху 48607-рэ	-	48607
Сабий ныкъуэдыкъуэ зиІэ унагъуэхэр	Унагъуэ 4457-рэ	12625	17079
Чернобыль АЭС-м я къыщыхъуэ гъэзэжьыным, радиацэм пыщІа адрей гъэзэгъуэхэм я льэужьхэр гъэкІуэдыжьыным хэтахэр	Щ1ыху 1178 1122-рэ	1178	2300
Лжьыгъэм и ветеранхэр	Щ1ыху 44412-рэ	-	44412
Политикэ щхьэусыгъуэкІэ лей зытехьахэр	Щ1ыху 13499-рэ	39351	52850
Сабий куэд зиІэ унагъуэхэр	Унагъуэ 8862-рэ	45327	45327
Псори зэхэту:	**Щ1ыху 130276-рэ**		**Щ1ыху 226163-рэ**

Псэупіэ-коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмкіэ льготэхэр кьиззэшгъэпэщ предприятэхэм, организацэхэм 2007 гъэм зэгурыІуэныгъэу 124-рэ иращІылІауэ щытащ республикэм щыпсэу щІыху гуп щхьэхуэхэм, псэупІэ-коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэм я уасэхэр тынымкІэ льготэхэр кьиззрагъэсэбэпыным пыщІауэ ягъуэт хэщІынагъэхэр яхуэпшынымыжьынымэ теухуауэ. А зэгурыІуэныгъэхэм япкъ иткІэ, ятха актхэм тету 2007 гъэм дыгъэгъаззэм и 31-м ирихьэлІэу сом мин 345134,91-рэ зыхуэфащэ Іэхэущіапіэхэм иратыжьын хуейти, и пІалъэм фІамыгъэкІыу абыхэм сом мин 354958,48-рэ хуагъэхьыжащ. ПсэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ льготэхэр кьиззрагъэсэбэпам пыщІауэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятэхэм я щІыхуэ 2007 гъэм щІыхьэуэ бюджетым кьытенакъым.

Законым зэреджэр	2007 гъэм япшынэжьыну зэрыуэ ахъшэр зыхуэдизыр (ипэжьпІэкІэ щІыІыгъэу щыІар), сом мин	2007 гъэм яІа кассэ хэщІхэр, сом мин
«Ветеранхэм я Іэхэукіэ» Федеральнэ закон	14733,95	16333,98
«Урысей Федерацэм щыпсэу ныкъуэдыкъуэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и Іэхэукіэ» Федеральнэ закон	106324,28	115965,20
«Чернобыль АЭС-м къыщыхъуэ гъэзэгъуэм пыщІауэ радиацэм и зэран зэкІэ щІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и Іэхэукіэ» Федеральнэ закон	2393,00	2698,55
«Къэбардей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу щІыху гуп щхьэхуэхэм къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и Іэхэукіэ» КъБР-м и Закон №57-РЗ (лэжьыгъэм и ветеранхэр)	106317,85	104940,15
«Къэбардей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу щІыху гуп щхьэхуэхэм къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и Іэхэукіэ» КъБР-м и Закон №57-РЗ (политикэ щхьэусыгъуэкІэ лей зыкІэлъыэзрахьахэр)	85376,06	82847,73
«Бын куэд зиІэ унагъуэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и Іэхэукіэ» зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іэхэукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым и Указ **Псори зэхэту**:	29989,77 **345134,91**	32172,87 **354958,48**

ПсэупІэ-коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэм я тарифхэр гъэ кьэс кьыззрагъэІэтыр къэплъытэмэ, нэхъ хуэмыщІауэ псэу щІыху гупхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и льэныкъуэкІэ и мыхьэнэр зыкІи нэхъ мащІэкъым унагъуэмрэ коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ абыхэм трагъэкІуэдэм щыщ Іыхьэм пэув субсидиехэр зэрыхухахым.

УФ-м и Псэупіэ кодексым и 159 статьям, «ПсэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ я уасэр тынымтрагъэкІуэдэн папщІэ субсидиехэр зэрыхухахыр и Іэхэукіэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм къищта унафэм япкъ иткІэ, 2007 гъэм щІышІэм и 1 льэндзрэ субсидиеу хуахар щІыхухэм банкхэм къыщІыззІуаха счетхэм хуха Іхьэ е, ахэр щІыпсэу жылагъуэхэм банк Іэхэущіапіэхэр щымыІэ нэужым, апхуэдэу субсидие зратхэм я ныбжьыр зэрыхэкІуэтам, я узынщагъэр зэрызэкІэльымыкІуэм хъыхэкІыу банкхэм счетхэр кьыщызэІуахыну, а счетхэм хэлъ ахъшэр кьаІэбзэсэбпыну Іэмал ямыІэмэ, апхуэдэхэм сакъыпхэм хуахь.

Республикэм щыщ щІыхухэм псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ щІат уасэм щыщ Іыхьэ зэрыхуапшын субсидиехэр зыхуэфащэхэм яхуэхьынымкІэ полномочиехэр зыбгъэдэльыр КъБР-м и муниципальнэ районхэмрэ, къалэ округхэмрэ лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкІэ и щІыналъэ управленхэм псэупІэм папщІэ субсидиемкІэ я къудамэхэращ.

2007 гъэм кьыридыдэу псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ зэрыхуэхьынымкІэ хуэмыщІауэ псэухэм ящыщ унагъуэ 17588-м, нэгъуэщІу жьІпІэмэ, республикэм унагъуэу исым я процентти 7,1-м, къагъэсэбэпащ. Субсидиехэр тыным сом мелуани 102,3-рэ, зы унагъуэм тещІыхьауэ ику иту мазэм сом 903-рэ трагъэкІуэдащ. Ильэсым кьриубыдэу субсидиехэр мазэ хьсе махуэ пыухыкІам ятащ, щагъэгъвэ зэи кьыхэмыкІыну.

ПсэупІэм, коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэм я уасэхэм щыщ Іыхьэхэр зэрапшынымк субсидиехэр щІыхухэм яхуэхьынымк пыщІа Іэхэухэр зэблэзыгъэкІ законодательствэм 2007 гъэм кьриубыдэу нэрылъагъуу зэхуэзэщІ. ЗэхъуэкІынымгъэхэм я нэхъыбапІэм къежьапІэ яхуэхьуащ Урысей Федерацэм и ПсэупІэ кодексу 2004 гъэм дыгъэгъаззэм и 29-м къащтам и 159 статьяр. Абы зэпигтымкІэ, субсидиехэр зэрызрабжьир псэупІэ-коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэм я уасэхэмкІэ щІыналъэхэм щагъэува мардзэхэр зыхуэдизым тещІыхьауэ. Апхуэдэ хабзэр япэ дыдэу нэгъабэ кьаІэсэбэпащ. ПсэупІэ кодексым тету субсидиехэр гъэувыным и лъэныкъуэкІэ Урысей Федерацэм и щІыналъэ псоми зэхуэдэу щагъэззщІапхъэ хабзэ пыухыкІа кьащтащ.

Субсидиехэр зыхуэдизым, ахэр зыхухахыпхъэ щІыхухэм ятеухуа зэхъуэкІынымгъэхэр ятещІыхьащ псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ я уасэр тынымтрагъэкІуэдэр абы псори зэхэту кьыІэрыхьэ хэхъуэм и процент 22-м щІигъун хуэмейуэ зэрагъэувам, субсидиехэр щІрат мардэ пыухыкІахэр псэупІэр зыхуэдизым и лъэныкъуэкІэ кьызэращтам, 2007 гъэм псэупІэ-коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ я уасэхэр зэрагъэбелджылам («ПсэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ я уасэхэмкІэ субсидиехэм кьаІэрыхьэнымкІэ щІыхухэм яІэ хуитынымгъэхэр ягъэбелджылын папщІэ Къэбардей-Балъкъэр Республикэм кьыщагъэсэбэп стандартхэм я Іэхэукіэ» КъБР-м и Правительствэм и Унафэ).

Щ1ыхухэм субсидиехэр яхуэгъэуэныныкІэ 2007 гъэм республикэм щІызэтеуэ щытыкІэм ущІихэпІэхэкІэ, мы кьыкІэлъыкІуэ Іэхэухэм гу лъІыботэ. Субсидие зратхэм я бжыгъэм хэхъуащ, 2006 гъэм апхуэдэ унагъуэхэр 15650-рэ хъууэ щытамэ, 2007 гъэм 17588-м нэсащ, нэгъуэщІу жьІпІэмэ, процент 12-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Ауэ субсидиехэм трагъэкІуэдэ ахъшэм кІэрыхуащ: 2006 гъэм субсидиеу сом мелуани 103,8-рэ ятамэ, 2007 гъэм ар сом мелуани 102,3-м нэсу ехащ. Субсидиехэр гъэувыным пыщІа Іэхэухэр 2007 гъэм зэпымыууэ кьызэрапщІам кьиргъэзгъуащ абы и щхьэусыгъуэр псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхъэбзэхэмрэ я уасэхэр тыным текІуадэр унагъуэм псори зэхэту кьыІэрыхьэ хэхъуэм и процент 22-м щІигъун хуэмейуэ мардэ кьызэращтар арауэ зэрыщІытыр.

Ди лъэпкъым лІыхъужьыгъэ ин кьыщигъэлъэгъуа Къэнжал зауэр зэрыухрэ ильэс 300 зэрырикъур мы гъэм зягъэлъэпІэнущ. Абы иращІэкІыну Іуэхугъуэхэр кьызззэшгъэпэщыну гупыр щауэбзыуа зэІущІэ иджыблагъэ щызэхэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унэм.

А ІуэХУМ нэхъ жьыдэжру хэтыныхэм ящыщщ Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм хэт щІалэхэр, уеблэмэ а махуэр гъэльэпІэн зэрыхуейр япэу кьезыхьэжьар ахэрауэ жьыпІэ хъунущ.

2006 гъэм мэлыжьхьым и 16-м Аргудан щедгъэкІуэкІауэ щыта зэхуэсым ди зэгухьэныгъэм и Іэтащхэ Бекьшокъуэ Алексей кьыщыхилъхьауэ щытащ Къэнжал зауэр зэрируэр 2007 гъэм ильэс 300 зэрырикъур гъэльэпІэныкІэ КъБР-м и Президентым зыхуэдгъэззэн зэрыхуейр, - жиІэ Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм хэт Шорэ Анзор. - ИкІи зыдмыгъэгъвэу республикэм и Іэтащхэм тхыгъэ хуедгъэхьри, Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ Къэбардей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым пщэрылъ щищІащ Іуэхум и пэжыпІэр тхыдэ и льэныкъуэкІэ къагъэльэгъуну. Апхуэдэу ежьа хьуа Іуэхур нэгъуэщІэхэм кьыддалыгъмэ, нэхъ кьатщтэу Къэбардей Адыгэ Хасэмк, Афганистаным щызэуахэм я ветеранэм я союзми захуэдгъэззащ.

Шорэм зэрыжиІэмкІэ, а щІыкІэм тету ирагъэжьа Іуэхум щІэдзапІэ хуэхъуар жьыкъэ кьыщожьэ. Абхъазкуржы зауэр кьыщыхьеям ди щІалэ зыбжанэ абы нэхъ пасэу нэсат, кІуршым зэпрыкІри. Бекьшокъуэ Алексей зи гъусэ гупыр Кьэнжал Іуащхьэм тельэтыкІри, вертолеткІэ лъэтащ ди кІуэщ республикэм. Абы щыгъуэм Науржан Ибрэхьим «Дауэ фыкьэса?!» жиІэу кьащыпежьэм, вертолеткІэ Кьэнжал зэрытелъэтыкІар жаІащ Алексей сымэ. Науржаныр кьэгуфІэри: «ТекІуэныгъэр кьыздэфхьащ, Алексей. Ильэс 300 нэблагъэ и пэкІэ кьрымыдзэр кьэмыпІауэ щызэрытракьутауэ щытыгъащ абдёж», - жиІащ Ибрэхьим икІи и мурадыр и гъусэ щІалэхэм яхуиІуэтат «ТекІуэныгъэр кьэтхьрэ дыкІуэжмэ, Іэтауэ дгъэльэпІэнщ Кьэнжал зауэр зэрируэр ильэс 300 зэрырикъур». Арщхьэкіэ, куэд дэмыкІыу хэкІуэдащ Науржаныр, ауэ абы и псалъэхэр быдэу игу ириубыдащ Бекьшокъуэ Алексей.

- Мы Іуэхур Іэтауэ дгъэльэпІэн щыхуейм мыхьэнэщхъуэ и щІэ, - жеІэ Шорэ Анзор.

- Пэжщ, адыгэм и закъуэкІым а лъэхъэнэм текІуэныгъэр зыбгъэзыгъэхьэу щытар, ауэ зыхэщІауэ дзэгу биІм щебгъэрыкІуэмрэ мминбл фІэкІа мыхъуэ дзэм мин 50 кьатеуэу лъэгуцІэтэн ящыну зыхуэмурадым зыщихъумэжьымрэ кьахь текІуэныгъэхэр зыкъым. Апхуэдэт адыгэхэр кьрым хьаным щытпхІуар. КьыхэсэгъащІпхъэщ - мы текІуэныгъэр гъэльэпІэным политикэ Іуэху гуэри зэрых эмылъыр. АтІэ абы кьикІыр ди тхыдэм пщІэ зэрыхуэтщІырщ, кьыдэкІуэтей щІэблэм кьызыжьа льэпкъым и кьежІуэкІыкІар едгъэщІэным дызэрыхущІэкъурщ. Сыт хуэдэ зауэ Іутми, лІыхъужьыгъэ игъэлъагъуэрт адыгэм, абы щыгъуэми лейзехьэу щытауэ пхужьІэнукъым. Мыбдежьым сигу кьокІыж куржы-абхъаз зауэм дыщыІутар. Ди бийхэр кьытщІышынэрт, адыгэм и лІыгъэр здынэсэр яцІэрти, ауэ гъэр хьумы, абыхэм япэщІэху эмэ нэхъ кьащтэрт, сыт щхьэкІэ ящІэпмэ, лей кІэлъыззрахьэртэкъым.

Апхуэдэ псалъэхэм щыхьэт тохьуэ Абхъаз Республикэм щекІуэкІа зауэм мазэ зыбжанэкІэ щыІа Дзэгуей Амырхьан. Абы и кьуэ Аскэр зауэр кьыщыхьеям япэ дыдэ Іухьа къэбэрдей щІалэхэм ящыщыр. Ар хэкІуэдауэ кьыщищІэм и хьэдэр кьишэжьыну кІуэри, ди щІалэхэм ящІэпІыкъуэ щыІащ, Аскэр и хьэдэр кьагъэуІэнкьыкъу. А зэманым ди щІалэхэм я хахуагъэр зи нэгу щІэкІа дадэм жеІэ ар пасэрей адыгэхэм я деж кьыззэрыщежьэр, кьрымыдзэр зэтезыуІакІэм яІа акъылымрэ лІыгъэмрэ нобэрей щІэблэмэ зэрахэлІыр.

- ДызыхэпсэукІ гъащІэ дахэр кьытхуэззыгъэпэщ ди лІыхъужьхэр зэи тщыгъупщэ хъунукъым, абыхэм я фэеплъым хуэфащэу кьэдгъэхьун хуейщ иджыпсрей щІэблэр, - жеІэ Афганистаным щызэуахэм я ветеранэм я союзым и унафэщІ Тхьэгъэлэжь Тимур. - Ди гуапэу дыхэтынущ республикэм и кьызэрэпэщащІкІэ комитетым игугъэкІуэжьну Іуэхугъуэхэм.

Нобэ, мазаем и 16-м Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм Кьэбардей адыгэ драмтеатрым и унэм кьыщызэригъэпэщ зэхуэсыр зытеухуар а мазэм зэрагъэлъэпІэну щыкІэхэр убзыхуныр, абдеж кьыщыхалъхьэну гупсысэхэр, чэнджэщхэр республикэм и кьызэрэпэщащІкІэ комиссэм и пащхьэ яралъхьэжьну аращ.

НЭЩІЭПЫДЖЭЗамирэ.

● Япэу тыдодзэ

Ижьыкмкіэ щысыр Кіуащ Бетіалщ.
Сурэтыр 1955 гъэм трахащ.

Сэмэгумкіэ къыщытыр Кіуащырщ.

Адыгэ усакІуэшхуэ, зэдзэкІакІуэ Іэзэ Кіуащ Бетіал и гъащІэм и къежІуэкІыкІам, и творчествэм теухуауэ ящІэнкІ. Ауэ, мы сурэтхэр щысыт зытехъуэращи, псо дыдэми дыщыгъуазэкъым. Редакцэм иджыблагъэ къахьа мы сурэтхэм Бетіал и гъусэу итхэр щыІыгъ зэкІэ къытхуэгъуэтакъыми, щІэдзыкІакІуэхэм зыфхудогъаза, абыхэм ятеухуауэ фщІэІамэ, дэри щыгъуазэ дыфщІыну.

● Лэскэн куей

ІэнатІэр зэтоувэж

КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскьыщхьэхэмкІэ и министерствэмрэ ветеринариемкІэ управленэмрэ я Іэщіагъэдэлэжьэ зыхуэхъа республикэкомиссэ Лэскэн районым щылІэжьащ.

АБы кьыпщытащ куейм и хозяйствэхэм я Іэущір щІымахуэ зэрыщІагъэкІыр.

Ильэс зыбжанэ и пэкІэ зы быламиз зимыІэжьу щыта мэкъумэн Іуэхущіапіэхэм ящы я ІэнатІэр щызэтоувэж. Нобэ абыхэм зэрахъэ Іэщіашхуэу 1470-рэ (6200-р жэм ящащ), мэлрэ бжэну 7400-рэ, джэдкъаэу ямы 160-м щІигъу.

Комиссиэм кьызэригъэлъэгъуамкІэ, фермэ псоми лжьыгъэр хъарзынэу кьыщызэгъэпэщащІ: мэкъумылэ зэмылІэужьыгъуэхэр я куэдщи, ахэр Іэщым пэрыдехэу ягъуэт, жэмхэр и чэзум кьаш, гъэшым и фІагъым ткІийуэ кІэлъопль.

Лэскэн куейм щыІа гупым хуабжьу ягу ирихьащ «ХъУТЭжь» ООО-мкІэ, Ленинм и цІэр зезыхьэ СПХ ООО-мрэ я Іуэху зехьэкІэр. Аргуп республикэм щынэхъыфІу кьызэралъытар я отчетым хагъэхьащ.

ХъУТЭжь Мухъэрбий зи унафощІ «ХъУТЭжь» ООО-м Іэщыщхуэу 660-рэ щагъашхэ, жэм 220-рэ кьыщащ. Нэгъабэ жэм 100 ящхъ щкІэ 98-рэ кьыщІагъэхьащ. Иджыпсту абы и фермэм махуэ къэсшэ килограмм 1500-м щІигъу кьыщІалэжь.

НАСЫП Заирэ.

● Футбол

«Шахтёрыр» ерагъыу къыттокІуэ

«Шахтёр» (Донецк) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:1 (2:1). Адриканте (Испание). La Manga Cup зэпеуэ. Мазаем и 14-м.

«Шахтёр»: Пятов, Срна, Езерский (Левандовски, 56), Кучер, Шевчук (Гладкий, 46), Фернандиньо (Приемов, 56), Хюбшман, Гай, Жадсон (Полянский, 73), Кравченко, Адриано.

«Спартак-Налшык»: Кращенкэ, Джудович, Амисулашвили, Филатов (Шумейкэ, 90), Ятченкэ, Кочубей, ДзыхьмышІ (Самсонов, 46), Патяк (Кисенков, 68), Гогуа (Роденков, 84), Филиппе (Сирадзе, 41), ХъутІэ (Къэжэр, 46).

Іэпхэр дагъэкІащ: Жадсон, 25 (1:0); Гай, 28 (2:0); Джудович, 50 (2:1).

Испаниемк щекІуэкІ La Manga Cup зэпеуэм и апэ зэІуІуэм зи хьэрхуэрэгъуэм ятекІуа «Спартак-Налшыкымрэ» Донецк и «Шахтёрымрэ» вэсэмахуэ зэхащІэкъІ хуейт зыхэт гупым щыщу финалым кІуэнур хэтми.

Джэгум и пэ кьыхуэу ди командэм и тренер нэхъыщхьэ Краснокэн Юрэ ита пресс-конференцым щыжиІащ: «Лиллестремым», «Шахтёрым» хуэдэ хьэрхуэрэгъу льэщхэм дахуэзэну дыдеІуэну? аращ Испаниемк щекІуэкІ турнирым дыкьыщІэкІуар. ИкІи а зэІуІуэхэм кьагъэльэгъуэнущ ди зэфІэкІыр здынэсымрэ дыхэлэжьыхьэхьэмрэ».

Лъэныкъуэхэм я кьарур, дауи, з зхуэдэтэкъым. «Шахтёрыр» зэрырытэщІ и щыхьэтщ иджыблагъэ абы зэкІэтхъэужьу - бжыгъэ зэщхькІэ 3:0-у - Мэзкуу и ЦСКА-мрэ Владивосток и «Луч-Энергиемрэ» зэрырекІуар.

Ауэ абыи игъэдзыхакъым ди щІалэхэр. Егъэлеяуэ мыльэкъуэ зыбгъэздэль, Европэмрэ Америкэмрэ я футболист, тренер нэхъыфІ куэд зэзэщІэпфа донецкдэсхэм «Спартак-Налшыкыр» хуэфэщэну япэщІэтащ. Пэжщ, кьыхуадгъэкІа топитфи дигъэгъуэват, арщхьэкІэ, капитаным зэрихабзэу, Джудович псынщІэ дыдэу бжыгъэр 2:1 ищІащ.

АдэкІи Къэбардей-Балъкъэрым и командэр хуэмыуакъым. Абы и гъащІэхьуэхэу Грузиеми и командэ кьыхэхам щыщу зыкІэлъыплъ Сирадзе, ХъутІэр, Къэжэрыр, Роденовыр щІэхщІэхьыпэ «Шахтёрым» и гъуэм и дежь кьыщыщідзхэрт. АрщхьэкІэ зыми и насыпкъыкІакъым.

Арати, 1:2-уэ «Спартак-Налшыкыр» кьыхэгъэщІащ. Иджы мазаем и 19-м ар ещанэ увыпІэм щІэбэнынущ. Ди щІалэхэм я хьэрхуэрэгъу хъунущ Норвегием и «Викингымрэ» «Стабекымрэ» я зэІуІуэм кьыщыхъагъащІэр.

Джатэрывэм топ дегъэкІ

«Спартак-Налшыкым» хэту «Шахтёрым» дэмыджэгуэхэм ныбжьэгъуфІ зэІуІуэ Самарэ и «Крылья Советовым» дразкІуэкІащ.

НАЛШЫКДЭСХЭМ я фащэр ящыгъуэ мы зэІуІуэм кьихьащ Радич, Кисенковыр, Басиныр, Шумейкэ, Дышэкіэр, Балэр, Мэшыкьуэр, Джатэрывэр, Ситник, Джонотан, Филиппе.

Абыхэм хъарзынэу зыкъагъэлъэгъуащ. Псом хуэмыдэу жыджэрт Мэшыкьуэмрэ Джатэрывэмрэ, «Лиллестремым» щыІущІам губгъуэм кьыззрырахуам кьыхэкІыну «Шахтёрым» дэдзкІуну Іэмал зимыІахэр. Джатэрывэм диГъэкІа топым и фІыгъэкІэ «Крылья Советовымрэ» «Спартак-Налшыкымрэ» зэрытемыгъэкІыуаэ - 1:1-уэ - зэбгъэдзэкІыжащ.

ЖЫЛАСЭЗаур.

● ЗэІущІэхэр

ЩІэблэм ящымыгъупщэн папщІэ

мыхъуэ дзэм мин 50 кьатеуэу лъэгуцІэтэн ящыну зыхуэмурадым зыщихъумэжьымрэ кьахь текІуэныгъэхэр зыкъым. Апхуэдэт адыгэхэр кьрым хьаным щытпхІуар. КьыхэсэгъащІпхъэщ - мы текІуэныгъэр гъэльэпІэным политикэ Іуэху гуэри зэрых эмылъыр. АтІэ абы кьикІыр ди тхыдэм пщІэ зэрыхуэтщІырщ, кьыдэкІуэтей щІэблэм кьызыжьа льэпкъым и кьежІуэкІыкІар едгъэщІэным дызэрырыхущІэкъурщ. Сыт хуэдэ зауэ Іутми, лІыхъужьыгъэ игъэлъагъуэрт адыгэм, абы щыгъуэми лейзехьэу щытауэ пхужьІэнукъым. Мыбдежьым сигу кьокІыж куржы-абхъаз зауэм дыщыІутар. Ди бийхэр кьытщІышынэрт, адыгэм и лІыгъэр здынэсэр яцІэрти, ауэ гъэр хьумы, абыхэм япэщІэху эмэ нэхъ кьащтэрт, сыт щхьэкІэ ящІэпмэ, лей кІэлъыззрахьэртэкъым.

Апхуэдэ псалъэхэм щыхьэт тохьуэ Абхъаз Республикэм щекІуэкІа зауэм мазэ зыбжанэкІэ щыІа Дзэгуей Амырхьан. Абы и кьуэ Аскэр зауэр кьыщыхьеям япэ дыдэ Іухьа къэбэрдей щІалэхэм ящыщыр. Ар хэкІуэдауэ кьыщищІэм и хьэдэр кьишэжьыну кІуэри, ди щІалэхэм ящІэпІыкъуэ щыІащ, Аскэр и хьэдэр кьагъэуІэнкьыкъу. А зэманым ди щІалэхэм я хахуагъэр зи нэгу щІэкІа дадэм жеІэ ар пасэрей адыгэхэм я деж кьыззэрыщежьэр, кьрымыдзэр зэтезыуІакІэм яІа акъылымрэ лІыгъэмрэ нобэрей щІэблэмэ зэрахэлІыр.

- ДызыхэпсэукІ гъащІэ дахэр кьытхуэззыгъэпэщ ди лІыхъужьхэр зэи тщыгъупщэ хъунукъым, абыхэм я фэеплъым хуэфащэу кьэдгъэхьун хуейщ иджыпсрей щІэблэр, - жеІэ Афганистаным щызэуахэм я ветеранэм я союзым и унафэщІ Тхьэгъэлэжь Тимур. - Ди гуапэу дыхэтынущ республикэм и кьызэрэпэщащІкІэ комитетым игугъэкІуэжьну Іуэхугъуэхэм.

Нобэ, мазаем и 16-м Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм Кьэбардей адыгэ драмтеатрым и унэм кьыщызэригъэпэщ зэхуэсыр зытеухуар а мазэм зэрагъэлъэпІэну щыкІэхэр убзыхуныр, абдеж кьыщыхалъхьэну гупсысэхэр, чэнджэщхэр республикэм и кьызэрэпэщащІкІэ комиссэм и пащхьэ яралъхьэжьну аращ.

НЭЩІЭПЫДЖЭЗамирэ.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм союзыр, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм я редакцэхэр, «Іуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, республикэ полиграфкомбинатыр «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и редактор нэхъыщхьэ **Бицу Анатолий Мурат и кьуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Къазий Людмилэ Хьэчим и пхъур** зэрыІам кьыхэкІыу.

КъБР-м и ТхаКІуэхэм я союзыр Урысейм и ТхаКІуэхэм я союзым хэт **Бицу Анатолий Мурат и кьуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Людмилэ Хьэчим и пхъур** зэрыІам кьыхэкІыу.

Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ

Пианинэ гъэщІэгъуэн

Компьютерхэмрэ Интернетымрэ ди гъащІэм хэтща зэрыхъуам, абдеж Іуэхугъуэ кІуэд псынщІэ зэрыгъэщащІым псори быдыгъуазэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Чайковскэм и цІэр зезыхьэ зэхъуэзэхуэ иджыблагъэ екІуэкІам композитор цІэрыІуэм и макъамэм дихьэхуэр еплъыфащ интернет-трансляцкІэ.

ИДЖЫнэхъ гъащІэгъуэныж кьыхилъхьащ Миннесотэ штатым дэт макъамэ Іуэхущіапіэхэм ящыщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр №№26, 27, 28-29-хэм итщ).

Колледжым

Роберт-колледжым ильэсиплкIэ сыщеджащ сэ. Абы щызухащ си сабиигъуэр - итIанэщ, сызэримыгугъуэу, дунейр куэдкIэ зэрынэхь хьэлъэри ар зэрыгъунапкъэншэри къыщызгурыIуар. Сабий ныбжьым сыщитам щыгъуэ ди унагъуэм, ди лъапсэм, ди уэрамымрэ ди хьэблэмрэ фIэкI нэгъуэщI сцIыхуртэкъым - ахэр дунейм и гупсэу къысфIэщIыр т. Иджы, лицейм сыщыщеджэм, сэ къызгурыIуэ хьуащ дунейм и гупсэм сызэрыщымпсэур, нэхъеижыратри, ди хэщIапIэм зэтегъэпсыхьакIэ уеджэныр зэрыщхьэгъэпцIэжыр. Мы дуней къыщыслъыс плIанэпэр зэрымыхьуэпсэгъуэр, си щIэныгъэм гьуанэпщIанэ зэрикуэдыр, си кьэухьри зэрыIэзэвльэзэвыр, дунейр зэрыабрагъуэр, гьуни нэзи зэримыIэр зэхэсщIыкI хьуа нэужь, сэ сызэризакъуабзэри сызэрыгуащIэмащIэри къызгурыIуэжащ, итIанэщ си щхьэм мыгъуагъэ щыхуэсхьыжар.

Сызэризакъуабзэр нэхъри щызэхэсщIар си кьуэшыр спэIэщI хьуа нэужьщ: сэ илъэс пщыкIух срикьуэу арат ар Америкэм щыкIуам - Йельскэ университетым щеджэн папщIэ. Дяку хьэргъэшыргъэ кьихъуэрэ дызэщыхьэрейуэ дыкъекIуэкIами, си щынэхьыжымрэ сэрэ дызэгъунэгъуБэзт, абы и псальэм пщIэ хуэсщIырт дапщэщи. Си закъуэ сыкъызэрынар си жагъуащэ хьуауи схужьIэнукъым - дауи щрети, къызэныкъуэкъуни къызэIэдэкъуэни сиIэжкъым иджы. ИтIани си щынэхьыжым сыхуэзэшырт сэ, псом хуэмыдэу гуныкъуэгъуэ сыхэхуа нэужь...

Сыщысабийм щыгъуэ сынасыпыфIэ си гугъэт сэ, гъащIэри къэдабэ хуэдэ щабэ къысфIэщIырт, гурыфIыгъуэ зэи сыщымыщIэн къысщыхьурт. СыкъыдэкIу этейри, нэгъуэщIу къыщидзащ псори. Ильэс пщыкIущ-пщыкIуплIым сыхыхьа нэужьщ дунейр зэрыхьэхур, гъащIэр зэрымыматэ щIэдзащ къызгурыIуэ щыхьуар...

Хьэл мыгъуэ зэрысхэльам и гугъу сщIакIэщ - зыщIезгъэхьын си жагъуэ-

Памукъ Орхьан и анэшхуэр, адыгэхэм къаохэкIар, и гъусэу.

Орхьан сурэт ещIри я шордакъым исщ.

Орхьан Нобель и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ. *2006 гъэ*

Румели быдапIэр.

Памукъ Орхьан

Истамбыл

ГукъэкIыжхэм я къалэ

(Тхыгъэм щыщ пычыгъуэхэр)



Ахьмэд Езанэ сультIаныр щытета зэманым яригъэуху Ахьмедие мэжджытырщ. 1609 гъэм щIадзэри 1616 гъэм яухащ.

тэкъым школым сыщыщIэсам щыгъуэ, сыкIуасэурэ, урокым сыщыхэн кудэрэ къэхьурт. А хьэпIр зыхэзнакъым архитектор Iэщ Iагъэм сыщыщеджэну Техническэ университетым сыщIэтIысхьа нэужьи. Пэщэдэхэ классхэм сыщыхэсам щыгъуэ сыщIэкIуасэр школыр сфIэзэшыгъуэт, сыIэубыдыпIэншэт е мастэ кьытхаIунути арат. НэгъуэщI щхьэусыгъуэ къыщысхухьуэкI къэхьурт: ди адэмрэ ди анэмрэ зыгуэр зэпачыдырэ зэщыIеямэ, фIыкIэ сыкIуэныр гукъыдэж сиIэтэкъым; сысымаджэурэ унэм тхьэмахуэкIэ сисамэ, школым сыщыгужырти, ар щхьэусыгъуэ схуэхьурт, сызэрыщхьэнэри сызэрыщхьэемыгъуэ ди абы кьыхьыхьэжьырт. ГукIэ зэдгъэщIэн хуейуэ кьыдата усэм сыщыпэмыльэщами унэм симыкIмэ, нэхъ сфIэзахуагъэ т. Си кьуэшыр еджакIуэ кIуарэ си закъуэ унэм сыкынамэ, сызэуэни кьызэззэуени сIэжтэкъыми, си Iутlыжт. Седжэ-семыджэми, си кьуэшыр игъащIэкIэ сыщIыхьэнутэкъым - зыщIебгъэхьынумэ, ар пуэхьунт зэкъэ щхьэусыгъуэ!

Ди адэшхуэм кьытхуигъэна ахьшэр кьытIэщIэуха нэужь, ди анэр зыщIигъури, ди адэр Женевэ кIуащ, абы лэжьапIэ кьыщигъуэтати. А гъэм и щIымахуэм (ильэсийт абы щIыгъуэ си ныбжьыр), ди анэшхуэ гумащIэм дыкьыхуэнати, нэхъри щхьэхьынэ сыхьуэуэ щытащ - зыщIебгъэхьынумэ, кьеблагъэ: ди анэшхуэм си жагъуэ кьишыхьхэрэтэкъым. Школым дызыщэ маршынэр ди бжэIупэм кьыIухьэрэ си кьуэшыр унэм щIэбэкъуклIын хьуамэ, щхьэусыгъуэ къэзгъуэтурэ зызгъэгувэ си хабзэт сэ: си портфелыр згъэхьэзыракъым, зыгуэр кьысщыгъупщащ, си ныбэр кьыхоузыкI, си джанэр суцIэпIаши, зэсхьуэкIынущ, си вакъэри слъэщIакъым. Си кьуэшыр кьыстэплъэнутэкъым - урокым зыхигъэнынутэкъым, сэ хьэзыр сыхьуху, зиIэжьауэ. Си анэшх уэр сэрат здэщIыр: «Нобэризэм хэнкIэ, ягъэ кIынкъым», - жиIэрти, кьысщхьэщыжьырт. Си кьуэшыр щIэкIа нэужь, кьызэшхыдэ зищIырт ди анэшхуэм: «Пщэдей зыкъытебгъахуэмэ, полицэм сыкъеджэнщи, пщамПIэкIэ уезгъэльэсфынщ. И адэ-анэми яхуэстхынщ». Сэ сщIэрткъэ полицэр кьызэрыримыджнурэ ди адэмрэ ди анэмрэ бзэгу зэрахуимыхьынури - ар кьызищIэфынутэкъым игъащIэкIэ.

Школым сымыкIуамэ, седжэдажьэрти, си щхьэр уэрамым кьыщесхьэжкIырт. Уэрамми сыщидзэзэшыхькIэ, сигу кьыщихьи щыIэт: афIэкIа зыщIезгъэхьынкъым, фIыуэ седжэнщ пщэдей щыщIэдзауэ, Америкэм сыкIуэнущи, сурэт щIыным сыхэгъ уэзэху, си IитIыр зэтедзэнкъым. ЖыIэгъуафIэ щхьэкIэ, щIэгъуафIэтэкъым а псор - уэзсэр сэгъейщ. Си щхьэм и закъуэтэкъым сужэгъуар - ди егъэджакIуэ тIорысэхэми сахуэзгуэпырт: щхьэхьынэт, бзитIщхьитIт нэхьыбэр, фэрыщIт, гурымыкът. Уэрамым дэсльагъуэ щIыху щIыкIейхэми арат си гур щIебгъэр: тIу зэрихьэлIамэ, сэлам щIыэзэрахри я узыншагъэ щIыщIэупщIэри я щIыб зэхуагъэззжа нэужь, IупщIэ зэхуащIын, зыр адрейм хущIэбжэн щхьэкIэт. Ар сигу техуэртэкъым сэ - фэрыщIагъэр, щхьэхуещагъэр, пцIыIуэпцIышагъэр. ПцIы щIэузпс, сигу имылъ щIжжысIэ щIыIэт сэри - ар си мыхьэмыштэкъым, ауэ пцIы зэрыIэупсам иужькIэ апхуэдизкIэ сыкъущIегъуэжырти, щIым сыщIэпщхьэным сынэкIырт. Апхуэдэурэщ щIыхур Iущ зэрыхьур, щысабийм, щыщIалэм хэльа хьэл мыхьэмыщIэхэр IэщIыб зэрищIыр.

Пцы сIэщIэкIарэ си напэр сымэ, кьысхуэнэжьыр зыт: си пэшым зыщIэзубыдэжырти, си щхьэр фIэзэдыжьырт, щIыпIэ сыкъэхуэрэ. Сигу нэхъ кьихьэжа нэужь, тхьлымпIэрэ кьэрэнэдащрэ кьасщтэрти, сурэт щIым щIэдзэзэрт, сурэтыр кьызэхъулIауэ сльытэмэ, итIанэт си гур щызэгъэжьыр.

Унэм зыщIэзубыдэжау э сыщIэуэрэ си гур зэгъэжми, ар зыхуэпIмащIэ кьызедджэртэкъым сэ. Си гугъу сщIыр фабрикант кьулежьхэм, ахьшэр кьызэлъэльэ магнатхэм я кьуэ гъэфIэнхэрщ. Я адэхэм я «мерседесхэмкIэ» кьакIуэрт ахэр колледжым, пщыхьэщхьэм я гуп щагъэззжкIэ, Бебек и Шишли проспектым техьэрти, хьыджэбэ нэутхэ кьапэщIэхуамэ, я маршынэхэм ирагъэтIысхьэрт. Ахэр псори сэ нэхьрэ нэхьыжьт, ауэ щхьэкуцIынш защIэт. Сигу ирихь гуэрэри цIыхугъэ щысхуэхьуащ колледжым - си гуапэ хьурт ахэр зэрымыфэрыщIыр, зэрымыпщIыупсыр. Шахмати уадджэгу ящрэ абыхэм, уащыдэуэршэркIи уатезашэртэкъым. ЩэныфIэ срихьэлIамэ, сэри напIэзэпIэм щэныфIэ сыхьурт, щхьэпсыншэм гъусэ зыкъыщхуащIакъэ - абыи закъыкIэрызгъэхуэртэкъым: уэыхэтым ещхь уохьу щыжалэр арагъэнщ. Апхуэдэ хьэл зэрысхэльам хуэохь илъэс тIощым сыщIигъуа нэужь, цIыхум сахэзагъэ зэрыхьуар.

Колледжыр кьауха нэужь, яхуэфащэ IэнатIэ дзгъуэ кьаззэрыльысынум шэч кьытрахьэртэкъым зи гугъу сщIа щхьэпсыншэхэм - я адэхэм я мылъкур шэсыпIэт абыкIэ. Я щIэныгъэр хуримыкъу щхьэкIэ кьикIуэтынутэкъым ахэр, компаниешхуэхэм кьулькъуфI зэрыщIызыIэрагъэхьэным щIэбэтырт.

Сэ си Iуэхур зэIуб3 хьуа щыкIэтэкъым. «Сыт уи мурад?» - жаIэрэ кьызэупщIамэ, Истамбул сыкъыщIнэн сызэрихьисэпыр яжесIэрт, архитектурэм сыхуеджэн щхьэкIэ. Апхуэдэ мурадыр кьысхуагъэдахэрт си Iыхьлы псоми. Инженер Iэщ Iагъэм сыхуеджэн си гугъащ япэ щыкIэ, итIани, сурэтым сыщыхэзагъэ, Истамбыл дэт Техническэ университетым и архитектурэ-

кьудамэм тезубыдэжащ иужькIэ. Ар сигу апэ кьэзыгъэкIар сщIэжыркъым - хэтми, тхьэразэ кьыхухьу. Истамбылми сыдэкIыж сигу пыкIыртэкъым, щIыпымыкIыр ар егъэлеяуэ фIыуэ слъагъуу аратэкъым. Сигу пымыкIыр сыкъыщыхьуа лъапсэрт, унэрт, хьэблэрт.

Тхьэмах уэ пщэ дджыжьым кьыщыткIухькIэ, ди адэмрэ сэрэ дыщытепсэтыхь щыIэ т си Iуэху зэрыхьуну. «Ахьшэракъым нэхьапэр, - жиIэрт ди адэм, - уи гум фIэфIыр блэжьмэ, умыдыгъуэмэ, умыхьуапсэмэ, абы нэхь насыпI ухуейкъым». ГъащIэр кIэщIэ, зы напIэзэпIэ хуэдизщ зэрыхьур, лъэбакъуэ пчыху, абы хощI», - арат ди адэм сызыщIигъэджыкIыр. Ар зэрыпэжыр кьыщызгурыIуар балигъ сыхьуа нэужьщ. Сэ схуэдэ хьунщ дэтхэнэри - гъащIэр зищIысри ар зэрыкIэщIри щIэх кьыщIгурыIуэркъым - и чэзум кьыщIгурыIуатэмэ, апхуэдизэ щыуагъэ тIэщIэкIынтэкъым.

Ди адэр лэжьапIэм кьыщыгъвэ и хабзэти, жэщIр хэкIуэтэху гъуэлъыжьыртэкъым ди анэр. «Фыкъыспэмыплъэ, фышхи, фыгъуэлъыж - Iуэхур си щхьэм къос», - къэпсалъэрт ди адэр кьыщыгувэнум деж. Жэщ ныкъуэм фIэкIауэт унэм кьыщихьэжьыр. Дышхэ нэужь, и пэшым щыхьэжьыртти, стIолым бгъэдэтIысхьэрт. Сэри щIэх сыхилъафэртэкъым жейм, си нэм сыщIэIуэтыхьурэ ди анэм деж сыщIыхьамэ, стIолыщхьэм щикъухьа куэзырхэр слъагъурт.

- Сыт кьипхрэ? - жысIэрэ сеупщIмэ, ди анэр кьызэплыьрти, кьыпыгуфIыкIырт:

- Дкэш здзы уи гугъэ: си щхьэ тезгъэууэ араш.

Жэщыбгум фIэкIауэ жесIэрти, пцы Iуэз упсыр, згъэгъуэлъыжьын щхьэкIэ.

- Зэ здзыжьынци, сыгъуэлъыжьынщ, - жиIэрт ди анэм, телевизорыр зэрыщIэгъэнар слъагъурти, кьыщIигъужьырт: - Селпынщ жыIэмэ, епль. ЩIэзгъэна щхьэкIэ, селпыртэкъым.

Жэщ кьэси арат - щIэх дыгъуэлъыжьыртэкъым ди анэри сэри. Дыпсалъэрэ нэху кьыщыттещхьэ кьэхьурт. Дыщызэдауи щыIэт, ди акъыл зэтемыхуэрэ. Дызэдауэрэ сыкъэтэмакъкIэщIамэ, абы сихуще-

гъуэжьыр т, си пэшым згъэззжа нэужь. Нэху щыху жейм сезэгъыртэкъым итIанэ, тхьыль гуэр кьасщтэрти, седжэ зыщIыхьрт е унэм сыщIэкIырти, жэщыр уэрамым щызгъакIуэрт. ЩIыIэм сисау э, сыкIэзызу къэзгъэззжырт нэхущым, унэм ис псори зэрызэгъэжрэ Iэджэ щIауэ. Зыщызужьри щэджагъуэ нэужьырт - а хьэлыр схэльащ, ильэс тIощым сыщхьэдэ хьэжу.

Ди анэм сэрэ дыщIызэдауэми дыщIызэщыхьэми я щхьэусыгъуэр зыт: архитектурэ факультетым сыщIэтIысхьауэ ётуанэ курсым сынэсами, сызэрихабзэжьти, куэдрэ зыщIезгъэхырт, сыкъыщIамыдзыжьын щхьэкIэ, зззэмызз закъезгъэльагъуми - арат ди анэм кьысхуимыдэр. «ЩIэтIысхьамэ, еджэ!» - и жьэр скIэригъэкIыртэкъым ди анэм.

Архитектор сымыхьуми, университетыр кьэзухмэ, диплом кьызатынути, а зыр си гурыфIыгъуэт - си щхьэр кьэзгъэпIэжьыр абыкIэ. Арат ди анэми ди адэм кьысхуамыдэр. «Уемыджэмэ, уэрамым хьэлулейуэ укъыдэнэущ - сыт узыщыгугъыр?» - машIэрэ срахухьа тIуми! Архитектор кьызэрысхэмыкIынур кьызгурыIуащ иужьым - срахухькIи, си щхьэр хэзгъэзыхьыжкIи мыхьэнэ иIэтэкъым. Уи натIэм кьримытхамэ, сыт пльэкIын? Арат ди анэми ди адэмрэ кьасхуугурымытIаIуэр - сапэувми седауэми, сызыхащIыкIыртэкъым тIуми.

- Уи ныбжьым сыщитам уэ срощхьащ сэри, - кьызжиIэрт ди анэм (кьыщIызжиIэр си пIэ сикъришын щхьэкIэут зэрызбжыр). - Си шыпхъухэм университет фIэкI напIэрэ нэкурэ яIэтэкъым, цIыхум яхэтт; сэ унэм сах ущIэкIыгъэкъым, сахуеджэртэкъым, сыхамыгъэзыхьауэ. Сэ сэщхьыркьабзэ ухьужащ.

Ар кьызжиIэрти, си анэм и нэр кьыс триубыдэрт, и псальэр кьызэрысщыхьур зригъэщIэн щхьэкIэ. Зыкъомрэ кьызэпIа нэужь, кьыщIигъужьырт:

- СыукIытэхти, ара хьунт цIыхум сахьыхьэн щIысфIэмыфIыр.

«Сэ сэщхьыркьабзэ ухьужащ» псалъэм сыкьипчачэрт сэ, итIани ар зыхуэзгъэщIэжьын хуей хьурт. СигукIэ жысIэрт: «Фы кьызэуалIэмэ, и гуапэщ, аращ ар щIыжиIэр».

Си кьуэшымрэ сэрэ дунейм дыкьытехьа нэужьи, ди анэр насыпыфIэ хьуауэ пхужьIэнэхэтэкъым. Ар зи лажьэр ди адэрт: жэщыбграт унэм кьыщихьэжьыр, еижэрти, кудрэ къэтырт, унагъуэри хуэм-хуэмурэ дыхьэтехурт - а псор кьеуэлIэн и гугъаньэ ди анэм, арат игу щIэныкъуэр, мыгъуагъэ гуэр кьыщIэлъ хуэдэ щхьэщIэр. Уэрамым дыдыхьауэ, си кьуэшымрэ сэрэ зыгуэр ней-нейуэ кьыдэплъамэ, ар ичэтхъэн хуэзфIэкIынут ди анэм, апхуэдизкIэ кьыттегузэвыхьэрти. Арагъэнт и жьэр щIыткIэримыгъэкIри: фысакъ, цIыхум захэвгъэгъуащэ, фымыщIэн фымыщIэ, фымыхьэулей, седжэн зэрыхуейр зыщыбмыгъэгъупщэ. Арат ди анэм кьыгурымыIуэхьэр - еджэным сигу зэрыхэмыхьэр. Университетым сыкъыщIэкIыжьэн жыхуэпIэр и тхьэкIумэ иригъэхьэхьэхэр: тэкъым. ЩIыху щIыпкъэ кьыхтхэкIмэ, дэ тхуэздэм я кIэ дыкьымыхуэмэ, ди щхьэм пщIэ хуэтщIыжмэ - арат ди анэр зыхуейр.

Орхьан кьысфIищын хуей щIэхьэуар кьызжиIэгъащ ди анэм. АпхуэдэщIэ зэрихьащ уэсмэн пащтыхьхэм ящыщ зым - абы и цIэ фIыкIэ ираIуэ иджыри къэс: лей зэрихьакъым, гущIэгъу хэльащ, мылькукIэ ерыщакъым, кIэщIу жьыпIэмэ, цIыху пхуэхьупар. Ди хьэмыр схуэмышэчыж щыхьум, сынощхьэфэрауэ щытащ. «Щыгъэт, - бжесIащ. - Уи ныбэр узми щIыIэ пхыхьами, иджыпступIэ хуэзгъэнщащ щколым! Унэм ущIэзгъэсынукъым!»

Ар хуэдрэ кьызжиIэрт ди анэм, кьыщIызжиIэр абы сыкъызэригъачэр ильагъу хьунти, арагъэнт. Кьызэщхьыдэ нэужь, ифI зыкъэришэжьрти, кьыпыгуфIыкIырт.

- Школым умыкIуэнущ, унэм ущIэзгъэсынукъым зэрыбжесIэ ильандэрэ, уи ныби узыжакъым, щIыи пхыхьэжакъым, - кьызжиIэгъащ мащхуэ гуэрым, университетым сыкъикIыжащэ, сыздэшхэм.

- Уэ Парижк уэсскъым, тIасэ. Истамбыщ уэздэсыр - ар зыщумы гъэгъупщэ. Уэ нэхьрэ нэхь Iэзэ дунейм темытми, си сурэтхэр зыщэхун щыбгъуэтынукъым мыбы. Зыми уэзыхищIыкIынукъым, ягу кьыпщIэгъунукъым университетым укъызэрыщIэкIыжам щхьэкIэ. Сурэтым пщIэ щиIэ кьэрал кьулеий гуэр дыщыпсэуатэмэ, зыгуэрт... Ван Гоги Гогени зэрахухэзэтэм ущыгъуазэщ. Аращ уэрэ кьыпхужаIэнур.

- Сурэт зыщI псоми яхуэхэт уи гугъэ? - сыпэрыуар ди анэм.

- Ар жысIэркъым сэ, - и псальэм хущIегъуэжащ ди анэр. - Сурэтым пщIэ щиIэ кьэрал ущыпсэуамэ, уи кIэн кьикIынкIи хьунт. Мыбы, гуващIэхами, делэ удэхь ухьынущ. Уи жагъуэ умыщI. Ар щIыбжесIэр ущызмыгъэуэн щхьэкIэщ.

- Сыт си жагъуэ сымыщIынур? - сыхуеплъэкIащ ди анэм.

- ЦIыхум кьыпхужаIэнкIэ хьунуращ...

Ди адэмрэ ди анэмрэ яку Iуэху мыфэмыщ кьыдэхьуат абы щыгъуэ: зззэмызззхэт ди адэр унэм кьызэрихьэжыр, ар игу техуэртэкъым ди анэм, гурыщхьэу ищIырти, абы ирэзэгуэпырт...

- Университетым ди зэранкIэ укъыщIэкIыжаущ жалэнущ - цIыхум я жьэр пхуэубыдынукъым. Бзэгуцэр гъунэжщ, Iэджэ кьыртхужаIэнущ. Сурэтыр нэхъ кьызэрыпщтэжам щхьэкIэ университетым укъыщIэкIыжауэ жалэн уи гугъэ?

- Сыт хуейми жрыраIэ, ауэ жьэ щIаIэр, - сыкьильащ сэ.

- Уиуеймэ, зыхъунщI, ухуейми, етхауэ: университетым укIуэнущ нобэ, - кьызиубыдыIлащ ди анэм.

- Архитектор сызэрымыхьунур хьэжьыу спхыкIащ, - сыпэувыжащ сэ.

- Си щIалэ, ильэситIыр зыхуэзгъэзэчыж, дипломыр зыIэрыгъэхьэ, адэкIэ уэзрегуакIуэщ - архитектор ухъунуми, сурэт пщIынуми.

- Хьэуэ! - хуэздакъым ди анэм.

- Архитектор Iэщ Iагъэм ущыщIегъуэжам щхьэкIэ Нурджиихьан жиIэр пщIэрэ? - кьызиубыдыIлащ ди анэм. - Уи адэм сэрэ дызэрызэфIэнэм щхьэкIэ уэзгуопри, арауэ жеIэ университетым ущIэмыкIуэр.

- Уи ныбжьэгъу щхьэгъавэ хэм кьабж псом сыхуэныкъуэкъым сэ!

- УпагIэуэщ уэ, си щIалэ цIыкIу. Ар си жагъуэжьым сэ, абы щхьэкIэ сигу нобгъэркъым. ЦIыху пагэхэращ зыгуэр кьызжыкIар - тхакIуэ е сурэтыщI. Ар пэжт, Европэм ущыпсэутэмэ: абы тхакIуэри сурэтыщIри Тхьэм щыпальыт. Ди деж зыщыбгъэпагэкIэ зыри кьоплъынукъым. Укъальытэн щхьэкIэ, кьэралми ахьшэр кьызэльэлъэх кьуележьхэми я пащхьэ зыщыбгъэльэхьэшэн хуейщ - арынщауэ нэкIэ кьоплъынукъым, уэзрыпагэми кьыпэкIуэн щыIэкъым.

А псальэр щэуэ кьыстехуэри, тэмакъкIэщ сыкъэхьуащ сэ, унэм сыщIэжьынуи сыхэтащ, итIани зысшыIащ, ди псальэмакъым кIэ гуэр игъуэтмэ, нэхъ кьэсщтэжри.

- ЙгъащIэкIэ укъуэсын си кIэ кьуаргъым. Флобер и гъащIэ псор и анэм и унэм щигъэкIуауэ зэхэсхащ. Абы зыпумыщIыж, ар щапхьэ пхуэхьунукъым. Иджыри бжьзоIэ: Париж дыдэсамэ, уи Iуэхур нэгъуэщIу кьыщидзынкIи хьунт. Истамбул Парижкъым: мыбы е фадэр нэрыгъ щыпхуэхьунщ, е делэщым ущIэхуэнщ. Щхьэ кьыбгурымыIуэрэ: сурэт фIэкI нэгъуэщI Iэщ Iагъэ уимыIэмэ, насыпынцэ ухьунущ. НэгъуэщI Iэщ Iагъэ гуэри зэбгъэгъуэтмэ, ущIегъуэжьнкъым... Мо блыным фIэль сурэтыр плъагъурэ? Ар си благъэ цIыхуб3 гуэрым кьызитауэ щытащ, унэ сыщихьам щыгъуэ. Езыри куэдрэ дэсжякъым, сэ сыдэкIуа нэужь. Си благъэм дэри дыхуэупсэнути, уи адэмрэ сэрэ мо сурэтыр зыщIам деж дыкIуащ. Ар зыкIэ кьыштыгуфIыкIати! Сурэт къэтщэхун мурад зэрытщIарат кьыщыттыщыгуфIыкIар. Тыркум щынэхь цIэрыIуэ дыдэ сурэтыщIт ар - итIани и напэм трIгъахуэрт щхьэщэ кьытхуищIыни кьыдэубзэни. Сыт щхьэкIэ жьIэт: сурэт кьызэрытщэхуарт. Араш сурэтыщIым ди деж кьыщылъыс пщIэр... Сурэт кьудейкIэ уунэн уи гугъэмэ, зыгуэрхэм ягу кьыпщIэгъунщи, уи сурэт зы-тIу ящхэункIи хьунщ. Зигу кьыпщIэмыгъунри дапщэ? Кьыпщыдыхьэшхынум гъуни нэзи иIэкъым. Зыгуэр кьызыпыкI Iэщ Iагъэрэ щIэнигъэрэ зумыгъэ- гъуэтауэ, мы къэралым ущIипсэуфынукъым, пщIэи щхьэи ущиIэнукъым... Ле Карбюзье жьыхуэпIэри щIэкъуащ сурэтыщI зэрыхъуным, архитектору кьыщIидзыкащ армыхъумэ.

Жнэм сыщIэкIрэ уэрамым сыдыхьэмэ, сэркIэ нэхьыфIт асыхьэтым. Ди анэм щхьэ сыщыхьэнт нобэ? Кьалэр кьызэхэскIухьрэ сыкъекIуэлIэжмэ, уэрамым щысльэгъуар кьалэмкIэ сIуэтэж щхьэ мыхъурэ? Ар сигу кьэкIри, нэхъ нэжэгужэ сыкъэхьуауэ, ди анэм сепльащ.

- СурэтыщI кьысхэкIынукъым сэ. Тхакъу э сыхъунущ.

ЗэзыдзэкIар

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

Сулеймэн сультIаныр.



Сэлим ЕтIуанэ сультIаныр.

Фатихь Мехмет ЕтIуанэ сультIаныр.

«ЗауэлIхэм» я ансамблыр.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Узыншагъэ

Пыхусыхум зыщыфхъумэ

ПЫХУСЫХУР (гриппыр)цыхухэм нэхъыбэу къащыпкырыхьэ лъэхъэнэр йокIуэкI. Сыт хуэдэ Iэмал кьыхэмыгупсысми, щыIмахуэ кьэс кьэралъ куэдым я цIыхухэр зыщIецIалъэ а узыфэм.

Пыхусыхур пасэ зэман лъандэрэ кьекIуэкI вирус узыфэщ. Уеблэмэ, Гиппократ дыди и щIэныгъэ лэжьыгъэхэм щыгепсэлъыхьаш абы, ауэ а узыфэм хэт вирусхэр кьыщахутар 1931 гъэрщ.

Зи гугъу тщIы узыфэр кьыззэуэлIа цIыхур зы махуэм щегъэжьауэ махуэплIкIэ егъэсымаджэ. Абы и щхьэр мэуз, езыр плыржкъэщ, и Iэпкьлъэпкъыр кьаруншэ мэхъу, мапсчэ, шхыным игу хуэкIуэркъым. Абыхэм языхэз уи лажьэу гу зэрызыльыптэжу, хущхьэу зэрызэрпхэлIэным яужь уитын хуейщ. Пыхусыхур зэ упкъырыкIа щхьэкIэ, мыгувэу абы кьыгурыгъэзэжьынри зыхуэIуэ щыIэжьым.

Дэтхэнэ цIыхуми илъэс кьэс кьыпкърыкьэуэрэ зэресэжар арагъэнщ абы щIыщIымышынэр, зыщихьумэн щхьэкIэ, щIзыхуэмысакьыжьр, нэхъ щIэхьу зигъэхьужьыным гулыстэ щIыхуимыщIыр. Ауэ ар «кьызэридмыдзэм» дызыхущIэнкIэ хьунури зыщыдгъэгъупщэ хьунчьым. Ар щынагъуэщ, кьищынэмыщIауэ узыфэр куэд «кьиГъэущынкIэ» мэхъу. Пыхусыхур цIыхухъуми цIыхубзми, зи ныбжь хэкIуэтами сабийми зэхуэдэу кьапкъро хьэ. Сыт хуэдэ узыфэми хуэдэу, мыр кьыпIкърыхьа нужь дохутыр зэбгъэпIмэ, зэпхьэлIэну хущхьуэхэр абы жебгъэIэмэ нэхъыфIщ. Ауэ «цIыхубэ медициныэм» и Iэмалхэри куэдым кьагъэсэбэп. Мис абыхэм ящыщ зыбжанэр:

■XIX лIэщIыгъуэм Европэм и цIыхухэм хуабжьу зрагъэхьужу щытащ конькякрэ шэрэ зэхакIэуэрэ. Пыхусыху зыпIкърытым аизр стэкан ныкьуэ-ныкьуэу зэхищIэрти, гъуэлIыжьыгъуэм и пэ кьихуэу ефэрт

■Узыр кьыфIпкърыхьэу гу зылъыпфтэжмэ, бжьынрэ бжьыныхуэрэ нэхьыбэу зэрыфшынымэ нужь фит.

■Плыржкъэрагъыр иригъэхьынщ мэракIуэ бжэмышх зыхэва псым уефэмэ.

■Пхъым кьыщIэгъэжа псым фо бжэмышхищэ сэхуран дагъэ ткIуэпситI-щырэ хэфэмэ, сэбэн кьыфхуэхьунщ. Абы бжэмышхышхэкIэ махуэм 4-5 уефэну аращ.

Узынщагъэм де жкIэ сэбэнщ щыIмахуэм щыгъын хэ уабэкIэ зыхуэпэныр, фи щхьэм пыIэ, Iэльэщ фIэмыльэ щIыбым щыбзэмыкьыныр. Апхуэдэу фызыхуэсакьыжмэ, пыхусыхум нэхъ зыщыфхъумэфынущ.

● ЦIыхушхуэхэм я гупсыскэр

Еханэ гурыщIэр

УкIытэхыр еджэфынукъым, губжьырейм иригъэджэфынукъым.

ГИЛЛЕЛЬ Нэхъыжьыр,

Зэи мыкIуэдыжу кьалъытэ кьэхъугъэхэм ящыщу нэхъ кIэщI дыдэр лъагъуныгъаращ.

МОЛЬЕР Жан Батист,
франджы драматург.

Еханэ гурыщIэр ахъшэращ, абы щыгъуэми ар уимыIэмэ, адрей тхур къомыхъулIэнкIи хъунущ.

МОЭМ Сомерсет,
инджылъэ тхакIуэ.

Псымрэ удзымрэ

● Унэгуащэхэм папщIэ

ПЭШЫМщагъэкI удзхэм заужьынымкIэ, гъэгъэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ абыхэм псы зэрыщIакIэ щыкIэм. Кьыхэгъэщыпхьэщ удз псомкI псы куэд зэрафIэмыфIыр. Псом хуэмыдэу абы и лъэныкьуэкIэ усакьын хуейщ щIымахуэм.

А удзхэр езыхэр зэрызэмыщхьым ещхьу, псыуэ зыхуейри зэщхьэщокI. Зызыкьуэм махуэ кьэс ящIымакIэм, я тхьэмпэхэр кьолIых, адрейхэм псынщэу махуищ-плIы дахьифынущ. Псы зэрыщIэткIэм (псом хуэмыдэу щIымахуэ лъэхъэнэм) елъытащ удзым иIэну лъабжьэри, абы зэрызиужьынури.

Сытым дежи псы щIэкIэн щыхуейр?

Удзым и лъабжьэм щIымахуэ лъэхъэнэм тхьэмахуэм зэ, гъэмахуэм махуэ кьэс фыщIэпIьэныр кьалэну зыхуэвгъэувыж. Псы зыфIэфI удзым щIэпъ щIы щхьэфэр зэрытегъуащкIыу щIэкIэн хуейщ. Псы зыфIэмыфIхэм я лъабжьэм щIэпъ щIыр гъущэ хьуа щхьэкIэ, занщIэу щIэпкIэ хъунукъым, атIэ уи Iэпхьуамбэр (Iэбжьанэр щIигъанэу) щIым хэпIуу уеплъын хуейщ. Уи Iэпэр кьимыуцIэпIмэ, псы щIэкIэгъуэр кьэсащ, иджыри псыIэмэ, езы удз тхьэмпэхэм псы тIэкIу ятебгъуэмэ зэфIэкIащ.

Удзыр зыхэт щIыр псыIэрэ езыр гъуалэу щIидзамэ, псы куэдыIуэ ефтауэ аращи, зыкъомрэ щIэмыкIэ, ауэ езы удзым тевутхэ.

Сыт хуэдэ псыр нэхъыф?

Удзым щIакIэ псым и хуабагъ-щIыIагъыр пэшым щIэт хьэ уам кьыщхьэщыкI хъ унукъым. Уэм кьыщибгъэжа псыр зы жэщмахуэкIэ щыбгъэтын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, щIыпIэ зэхуэмыдэхэм кьыщижь псыр зэщхькьыми, абы хуэсакьыпхъэщ.

Шыгъу, кальций, магний куэду зыхэлъ псыр кьопхъэщэкI удзым и лъабжьэм. Сергъ тIэкIу хэфкIэмэ, псыр нэхъ щабэ хъунущ. Удзым щIэфкIэ псыр лъабжьэм игу зэрэримыхьыр кьэфщIэнущ ар зэрыт кумбыгъэм и нэхъэм кьыкIэрищIэ хужьыкьмкIэ.

«Мы уэсыр мыткIуж щIыкIэ тхъун хуейщ!»
Сурэтыр **КIУАЩ Хьэутий** *трихащ.*

● Тешлъэгъуэ

● Гушыlэ

Си шыпхъурщ зейр

Тенджыз Iуфэм зыщIызыгъэпсэху цIыхухъурэ цIыхубзэр зэгъынэгъуу щысщ, дыгъэм зрагъэури:

- Мо си щыгъын тIэкIур пшахьуэм хэзыхьхь щIалэ цIыкIура уи къуэр? - зыхуегъазэ Хьэжмурид бзылъхугъэм.

- Хьэуэ, ар си шыпхъум и къуэращ, сэ си къуэр уи пыIэмкIэ псы къэзыхьыну хэтращ, - кьыфIэмыIуэхухэзу жэуап ет щIыхубзэм.

● Дэ кьытхуатх

ЗытебгъакIуэ хъунукъым

ЗЭРЫГУРЫIУЭГЪУЭЩИ, цIыхум кьеуалIэ узым сынокIуэ жиIэркъым. Апхуэдэуи узыфэ дапщэ кьыгъыкъуэкIынуми ищIэркъым.

Дыгулыбгъуей кьуажэм щыпсэу Тхьэмадокьуэ Руслан кьиззэралъхурэ мазищ хьуа кьудейуэ арат япэу операцэ щащIам. Абы и ужькIэ, зекIуэн щIидзагъащIэу, и лъэдакьъм фэр зэрытекIым адэ-анэм гу лъатащ. ИтIанэ сабийм и лъакъуэ ижьыр кьеузу хуежьащ. ИльэситIрэ мазищрэ щыхъум, аргуэру операцэ ящIын хуей хъуащ Руслан. А махуэм щегъэжьауэ сымаджэщыр, хирургхэмкIэ кьудамэр унэетIуэнэ хуэхъуащ Тхьэмадокьуэм.

Иджыпсту Руслан и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирикъуэу ящ, ауэ езыр 48-рэ операцIэ ящIащ. Апхуэдизу хьэзаб кьызытесыхьа щIалэм адэ-анэм кьрамыгъэпIъа дохутырэр здамыша сымаджэщрэ щыIэжкъым. Ауэ абыхэм я Iэзэгъуэ хэмылъу кьыщIэкIыурэ апхуэдизрэ сэ хэIэбэн хуей хъуащ Руслан и Iэпкьлъэпкым.

48-рэ операцэ ящIа нэгъуэщI щыху дунейм тету кьыщIэкIынкъым. Абы ипкъ иткIэ Руслан и документхэр егъэхьэзыр Гиннесс и тхылъым хагъэхьэн папщIэ комитетым иригъэхьыну. Ар тхылъIэ, тхылъым ихуэ кьудей мыхьыу, щIалэм ахъшэ кьыхурагъэхьынут.

ГъэщIэгъуэнракъэ, апхуэдизу зэ зыгъэв Руслан нэхъ тэмакьыкIэщIи, нэхъ щхьэщ пэщIи хъуакъым, атIэ гъащIэм и нэхъыкоI, гукъыдэж иIэщ. Апхуэдэущ узэрыщыстым хуейри, узыр зэи зытебгъакIуэ хъунукъым.

МЭКЪУАУЭ Аринэ.

Шхэкlэм куэд елъытащ

● ФызыкIэлъэпльыж

ЦIыхур Iэнэм зэрыпэрысым, и щхэкIэм куэд елъытащ. Узыкьыхьахэм ємыкIу кьыпуэамыщIын папщIэ, дэтхэнэ ерыскъы лIэужьыкIуэ ирикъуэ и щхькIэр пщIэн хуейщ, зэрышIэ Iэмэпсымэхэри зэхэбгъэкIыфу щыпхъэщ.

Бдзэжьей щащхкIэ, гуахъуит кьагъэсэбэп: зымкIэ кьупщхьэхэр кьыхах, адреймкIэ бдзэжьей Iыхьэр зыжьэдалъхьэ. Бдзэжьейр сэкIэ зэпаупщIыркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы и кьупщ х ь э х э м щыщу ун Iум кIуэнкIэ хъунущ. Абы и зы пЬэныкьуэр хуэсакьыну гуахъуэкIэ кьыгурахьурэ яшха нэужь, кьызэрагъэдзэкIри мыдрей и пЬэныкьуэр яшх.

Бдзэжьейр ирипшыну зы гуахъуэ фIэкIа кьыпхутрамыльхьамэ, Iэ ижьымкIэ гуахъуэр кьыбгощтэри, Iэ сэмэгум Iэщlэль щIакхъуэр дэбгъэIэпыкъуурэ, хабзэм тету бошх.

● Шхыныгъуэкlэр

Хашлама

Шхыныгъуэм халъхьэхэрэмэлыI грамм 200, бжьынищхьитI, помидоритI, зы мыIорыс, зы бжьынныху хьэдзэ, зы щыбжий Iэфl, щыбжий фIыцIэ хьэжа, шыгъу, кьуэн, къуэнтхъурей.

1. Лыр ботхьэщIри, Iыхьэ мыину боупщIатэ.

2. Бжьыныр хъурейуэ зэпыбогъэж, щыбжий Iэфlыр зэпэплIимэу боупщIатэ.

3. Мыlорыс м курк ыбохри, ари цIыкIу-цIыкIуу боупщIатэ, помидорыр хьурейуэ зэтыбогъэж.

4. МыIорыс мэрэ щыбжий Iэфlымрэ кIэструлым ибольхъэ, абы лыр, итIанэ бжьыныр помидорымрэ щхьэщыбольхьэ, шыгъу, щыбжий тыбокIутэ, бжьынныху хьэдзэ ущэбар тыбольхьэж, псы щIыбокIэри хьэзыр хьуху богъавэ. Хьэзыр хъуа нэужь, тепщэчым ибольхьэри кьуэн, къуэнтхъурей тхьэмпэхэмкIэ богъэщIэращIэ.

Жьзум тхьэмпэрэ лырэ

Шхыныгъуэм халъхьэхэр: мэлыI грамм 200, прунж грамм 50, зы бжьынныщхьэ, маринованнэ жьзум тхьэмпий, шху стэкан, бжьныныху хьэдзитI, щыбжий фIыцIэ хьэжа, шыгъу, зы нащэ, кьуэн.

1. Лыр ботхьэщIри, гъущыжа нэужь, бохьэж.

2. Бжьыныр боукъэбзри, боупщIатэ.

3. Лы хьэжар, бжьынныр, прунжыр зэхыбольхьэ, шыгъу, щыбжий хыбодзэри, зэIыбощIэ.

4. Жьзум тхьэмпэм лы хьэжа зэхэгъэззэрыльхьэ щыщ дэплъхьэурэ зэкIуэцIыбошхьэ, кIэструлым ибольхьэ, псы кьэкъуэлъа мащIэ тIэкIу щIыбокIэжри, мафIэ хуэмым тету богъавэ.

5. Ар хьэзыр хъуа нэужь, шыпсыр щхьэхуэу богъэхьэзыр: шхум бжьныныху пIытIарэ щыгъэрэ, кьуэнтхъурей ущIэта хыбольхьэри, зэIыбощIэ.

Жьзум тхьэмпэм кIуэцIыльэ лыр хьэзыр хъуа нэужь, тепщэчым ибольхьэ, нащэ ущIэтамрэ кьуэн и тхьэмпэхэмрэкIэ богъэщIэрэщIэжри, щыпсыльэм ит шыпсыр щIыгъуу Iэнэм бохь.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Псальъэзэблэдз

Екlуэкlыу: 1. УФ-ми КьБР-ми щыхь зиIэ я артист, КьБР-м и Къэрал драмэ театрым и унафэщI. 4. КьБР-м и цIыкIубэ суратыщI, КьБР-м и Къэрал саугъэ тым и лауреат 10. Iэкlэ ящI хьэпшыпхэм (арджэн, Iэльэщ хуэдэхэм) хащIыхь тхыпхъэщIыпхъэ. 11. Грамм мин зэрыхуэ кумбыгъэ. 12. ЩIыхь орденым и нагьыщищри къэзыхьа адыгэлI. 14. Мэлыщым кьыхэщIыкIа щэкI. 16. КьБР-м щIыхь зиIэ и артисткъ, уэрэджьыкIуэ цIэрыIуэ. 19. Жьлэтэжк Сэлэдин и тхьэ. 20. Бы Iэмэпсымэм щыщ. 21. КIуащ БетIал и поэмэ. 23. КьБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Ленин орденыр кьызыхуагъэфэща адыгэ усакIуэ нэхъыжьхэм ящыщ. 24. Вауэ гъатхэм нагъэс щIы. 26. Сабий щагъэжей гъуэльыпIэ цIыкIу. 29. IутIыж Борис и «Гушыlэ махуэ» ипщий» пьесэм хэт цIыхубз. 31. Совет Союзым и ЛIыхъужь, адыгэ кьхъухьатэзехуэ хахуэ. 35. Адыгэ уэрэдыкIэ. 36. Кьыдальхуауэ цIыхум и щIыфэм хэт фIыщIагъэ. 38. КьБР-м и Министрхэм я Советым и унафэщIу илъэс куэдкIэ Iэжьа адыгэлI. 39. Тэрч куэйм щIэ кьуажэ. 40. ... зимылъм дзажэпкъ иIэщ. 41. МетритIым нэс дэкIей, хужьыфэу гъатэ уэд льагэ. 42. ЗыншагъэмкIэ сэбэпшхуэ зыпылъ хадэхэкI.

Къе хьу: 2. Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-ми КьБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, къэралым и гидроэлектротехникэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа адыгэлI. 3. ЦIыху куэд зэрыс, зыщIэнрэ зышхынрэ зыгъуэт унагьуэ хуэщIа. 5. Кьумэм, пшахьэщIхэм куэду кьащIыкI гъурц лъэпкыгъуэ. 6. ГуфIэгъуэ з эхьыхьэхэм деж нэхьыбэу зэуэ макьамэ. 7. Париж дэт «Гранд Опера» лъэпкъ т еатрым и примэ-балеринэу щыта адыгэ цIыхубз. 8. Дунейм тетыху мыхьымащIагъэ илэжьырэ гуэныхь куэд кьэзыхьам ахърэтым кьыщIэпэпльэр. 9. Гъатэм пасэу кьэлъэтэж, бзэрабзэу уэрэд кьизыш кьуалэбзу мыин. 13. Уанэ пхьафэм, кьамэм, пхьэ вакьэм тралъхьэу щыта лъахъстэм лъэужьыгъуэ. 15. Шы Iэмэпсымэ. Шы зиIэр кьанэу, ар зиIэр щыкIуа кьэзхуэщ. 17. Кьэжэр Хьэмид и тхылъ. 18. Адыгэ уэрэдыжь. 21. Ар псоми яIэщ, ауэ, ущиплъэкIэ, хэти гугъурлыфэщ, хэти угъурсызыфэщ. 22. АдакьэщIэрэ ... пIастэрэ. 25. Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, колхоз тхьэмадэу щыта адыгэлI. 27. Мэкъумэщ зыныгъэхэм я доктор, профессор, КьБР-м мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министру илъэс куэдкIэ лэжьа. 28. УФ-м щыхь зиIэ и артист, пшынауэ Iэзэу щыт а. 30. НэгъуэщIхэм ахьжагъэщхьэхуэкIыу щыхьэ кьэс езым иIэж щыгъэныгъуэ. 32. «Псей щIыкIу мэзышхуэм кьыщыкIащ» уэсэр зытха адыгэ цIыхубз. 33. Кавказ Иудхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм ящыщ зы. 34. Адэ-анэ зимылэж, ибз. 37. Щоджэнцыкlу Алий и «Кьамботрэ Лацэрэ» романым хэт цIыхубз. 38. Благъэ, Iыхьлы, ныбжьэгъу зэпыщIэныгъэхэр.

Зэхэзылъхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.



Мазаем и 9-м ди газетым тета псальъэзблэдзым и жэуапхэр:

Екlуэкlыу: 5. Махьшэ. 6. Сэлэт. 10. Азэмэт. 11. КIэрахьуэ. 13. Ибэ. 14. Шылъэгъу. 15. Щай. 17. ХущIэ. 19. Абазэ. 22. Дыщэпс. 23. Тотрэщ. 28. Кьатхьэпсыльхьу. 33. Мэздзгу. 37. Уэншэжу. 38. Iужажэ. 39. Кьыкъ. 41. Лъэхьу. 42. Шыпсэ. 46. Нартан. 47. Хьарбыз. 48. Пшынэ. 49. Нысэгъу.

Кьехуу: 1. МафIэгу. 2. Хьэутий. 3. ПсыкIэху. 4. Бэракъ. 7. Батрэрэз. 8. Iэмбатэ. 9. Бжьыныу. 12. Уэзрэ дж. 16. Альп. 18. ЩIэп. 20. Ес. 21. Ут. 24. Ету. 25. Щэд. 26. Псы. 27. Кхьылэ. 29. Мэржэжьу. 30. Адэжьынэ. 31. IункIыбзэ. 32. Нэпсей. 34. Гуль. 35. Бжы. 36. Кусэ. 37. Удж. 40. Кьандэзгу. 41. Лъэхьэнэ. 43. ГурыщIэ. 45. Абрэдж.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Льюстэн Муэз, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокьуэ Жансурэт, Хьэжыкьарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуэн - ешIа-нэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ Iуэхущхьэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ-IапIэхэм я дэлажьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; екъэджэныгъэмрэ щэнныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-22-87; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ-IапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьащIыхьа бжыгъэхэм, кьащIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аизр зытехаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху ельыкIэр зэтехуэ эмыту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дольщ КьБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щынымкIэ жэуап схь КьБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъуэщ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КьБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыджьIуэрэм елэжьаехэр: **жэуап зыхь секретарь Дышэкl Соня, редактору ЖьэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1,2-нэ нап.)*, IпхытIыкI Юрэ *(3,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэныкьуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* ГъукIэдI Рае, Щомахуэ Маринэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.095● Заказ №446

Уэрэджыlакlуэ щэджащэ

● Щэнхабзэ

УРЫСуэрэджыIакIуэ япэ дыдэу дунейпсо утыку ихьащIа Шаляпин Фёдорщ. Ар илъэси 135-рэ и пэкIэ, 1873 гъэм мазаем и 13-м, Къэзан къащIалъхуащ. И адэ Иван къулыкъущIэ нэхъ цIыкIухэм ящыщт, къилэжьышхуэ щымыIэу. Абы кьыхэкIыу щIалэ цIыкIм пасэу гъэкьэн щIидзат. А зэрыпалъхьэм хуэдэурэ, цIырыкьуэщI Iэщlагъэми зыхуигъасэрт. Хуабжьу ныбжьыщIэ гурыхуэт Фёдор. Пхъэми зыгуэрхэр кьыхибзыкIырт, сурэт ищIырт, хьэтI дахэ иIэу тхэрт.

ЦIыкIуи уэрэд жьыIэн щIидзащ Фёдор. Гъуэгъуэхэр, ныб жьэгъуэхэр пщыхьэщхьэкIэрэ абы и макъ гуакIуэм едэIуэну зэхуэсырт. Пасэуи гу кьыльатащ икIи опернэ театрым ирагъэблагъащ, роль нэхъ цIыкIуэхри кьрату щIадзащ. Япэ дыдэу сценэшхуэм щихьар 1890 гъэм дыгъэгъазэм и 18-рщ. Зи ныбжьыр илъэс 17 ЦIыкIа мыхъуа щIалэщIэм хьэлэмэтэщIэу игъэзэщIат польскэ композитор Монюшкэ Станислав и «Галькаоперэм щыщ ариер. Ар кьыщыхьуар Уфа и къалэ театрыращ. Абдежми Шаляпин гъуэгуанэ кIыхь щыIотыкI, Урыссейм и къалэ зыбжани кьызэжьекIыхь. Илъэс 19 зи ныбжь уэрэджыIакIуэр Тифлис къыщохутэ. Мы къалэм абыр? а зэманым музыкант цIэрыIуэу щыта Усатов Дмитрийрэ нэIуасэ щыIэзэхуэхьу. А лы Iуэхум занщIэу гу лъетэ щIалэм зэфIэкIышIуэ зэриIэм икIи кьыдэлажьэу щIедзэ. А тIум Тифлис щыIэ музыкэ театрым илъэситIкIэ зыкьыщагъэльэгъуащ, екъуIэныгъэ инхэр яIэу.

1894 гъэм Шаляпин Фёдор Петербург макIуэ. Япэ щыкIэ ар ирагъэблагъэ Панаевым и щIэкIэ щыIэ театрым. ИтIанэ 1895 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м Маринскэ театрым яшэ. Абы и пэ кьихуэу Фёдор щхьэгъусэу кьешэ баленинэ щIэрыIуэ Торнагэ Иолэ. Маринскэм театрым урыс уэрэджыIакIуэм япэу щегъэзащIэ франджы композитор Бню Шарль и «Фауст» операэм хэт Мефистофель и ариер. Ауэ Шаляпин щIыхь нэхъ ин кьыхуэзыхьыкIа арахьым.

1896 - 1899 гъэхэм Шаляпин Фёдор урыс классикэ операэм щыпашэ мэхъу. ЕхъуIэныгъэ иIэу абы егъэзащIэ урыс композиторхэу Мусоргский Модест и «Борис Годунов» операэм хэт Борис, Пинкэ Михаил и «Иван Сусанин» операэм хэт Сусанин, Римский-Корсаков Николай и «Псковитянка» операэм хэт Грозный Иван сымэ я ролхэр, нэгъуэщI куэдри. А зэманым ар быдзу яныщIа мэхъу а лъэхъэнэм урыс щэнхабзэм и лъакIуэщхьэу щытахэу Горький Максим, Дягилев Сергей, Рахманинов Сергей. Дягилевым и жэрдэмкIэ Шаляпин Фёдор концерт итыну нэгъуэщI къэралхэм макIуэ. 1901 гъэм гъатхэпэм и 1-м абы ехьулIэныгъэ иIэу апэу зыкьыщыгъэлъагъуэ Милан щыIэ Ла-Скалэ опернэ театрым. Абы италиян композитор Бойто Арриго и «Мефистофель» опернэ роль нэхъыщхьэр щигъэзэщIа нэужь, Iэгуаэуэшхуэ щыхуаIэтат. 1907 гъэм Дягилев Сергей Париж урыс концертышхуэ кьыщыдзэригъэпэщат. Ари фIыуэ кьехьулIащ Шаляпинрэм.

Шаляпин Фёдор уэрэджыIакIуэ кьудейтэккым. Ар режиссер хьэлэмэтт, сурэтыщI Iэзэт.

Фёдор тIэу фыз кьишащ, бынитху иIащ. Абыхэм ящыщу адэм и гъуэгум ирикIуэжар, гъуазджэм хуэлэжьар и кьуэ Борис и залкъуэщ. Ар сурэтыщI щэрыIуэ хъуащ, абы ищIат и адэм и сурэтри.

Шаляпин Фёдор 1938 гъэм, илъэс 70 и пэкIэ, Париж щыIащ. Абы и хьэдэр 1984 гъэм Москва кьашэжри, щыщIалъхьажащ. 1982 гъэ лъандэрэ илъэс кьэс Шаляпин и щэкIэ Къэзан опернэ фестиваль щрагъэжькIэ. 1991 гъэм щегъэжьауэ ар дунейпсо фестиваль хъуащ. 1989 гъэ лъандэрэ Шаляпин Фёдор и щэкIэ опернэ уэрэджыIакIуэхэм я зэпеуэхэр кьызэрагъэпэщ.

НУРЫБЭ Хьэлий.